ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№12 (24.762) ● 2025 гъэм щIышылэм (январым) и 30, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Я къару псори хузэщIагъэуIуэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Правительствэм хэтхэм зэIущIэ ядригъэкIуэкIащ, 2025 гъэм къэрал программэхэмрэ лъэпкъ проектхэмрэ епха Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр зэрагъэзэщIэнум теухуауэ.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ инфраструктурэ проекткъуажэхэм лъэныкъуэ кудкIэ зэрызрагъэужьынум, ухуэныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщым, «ЩIалэгъуалэмрэ сабиймрэ» лъэпкъ проектым и щIыналъэ Iыхьэр зэрагъэзэщIэнум, апхуэдэуи бюджет IэнатIэм улахуэр зэрыщыхагъэхъуэнум.

Мы илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрыр хэтщ лъэпкъ проект 12-м, абыхэм сом меларди 9-м щIигъу хуаутIыпщынущ. Абы и лъэныкъуэкIэ 2025 гъэм зэфIагъэкIынухэмрэ 2026 - 2027 гъэхэм къапэщылъхэмрэ я гугъу ящIащ.

«Мы зэманым ирихьэлIэу бжыгъэ къэгъэнэIуахэр щыIэщ - илъэсищ бюджетым къитIасэу социальнэ ухуэныгъэу 200-м щIигъу къытпэщылъщ. Ахэр егъэджэныгъэм, узыншагъэм, спортым епха лэжьыгъэшхуэхэщ. БлэкIа илъэситхум дгъэзэщIа лъэпкъ проектым къыхэтха зэфIэкIыр тегъэщIапIэ тхуэхъуу къытпэщыт къалэнхэр нэсу зэрызэфIэтхыным дегугъун хуейщ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.

Апхуэдэу егъэджэныгъэ IэнатIэм 2027 гъэ пщIондэ школ 65-м я унэхэр сыт и лъэныкъуэкIэ зэпэщ щащIын хуейщ, IуэхущIапIи 147-рэ «Основы безопасности и защиты Родины», «Труд (технология)» предметхэмкIэ зыхуэныкъуэну IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ. УнэтIыныгъэ куэдым хуэунэтIа республикэ гимназием а предметхэмкIэ ресурс-методикэ центр къыщызэрагъэпэщынущ.

«Профессионалитет» проектым хыхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжымрэ Хьэмдэхъу Башир и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш-промышленнэ колледжымрэ я общежитхэм зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ.

«Унагъуэр дэIыгъын» щIыналъэ проектым ипкъ иткIэ, Бахъсэн, Гундэлэн, Старэ Шэрэдж къуажэхэм сабий гъэсапIэхэр дэщIыхьыным, Налшык къалэм дэт сабий сад №73-мрэ Психолого-медико-социальнэ дэIэпыкъуныгъэ щыхуащIэ центрымрэ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжыным я Iуэхум хоплъэ. «Къуажэ егъэджакIуэ» программэмкIэ зэуэ ират ахъшэмкIэ мы илъэсым цIыхуи 9-м зыщIагъэкъуэну я мурадщ.

ЗэIущIэм гулъытэшхуэ щыхуащIащ бюджет IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я улахуэм. 2021 гъэм щегъэжьауэ абыхэм я улахуэм илъэс къэс проценти 10 хохъуэ. А зэманым кърихубыдэу КъБР-м и бюджет зэхэтым улахуэмкIэ и фондхэр сом мелард 15,6-м къыщежьэри, сом мелард 26,5-м нэс хэхъуащ. Абы ипкъ иткIэ, цIыху мин 42-м щIигъум я лэжьапщIэхэм хэхъуащ. Апхуэдэ политикэр адэкIи зэрагъэзэщIэным хуэунэтIа гъэтIылъыгъэхэр яубзыхуащ.

«Абы къыдэкIуэуи Iуэхушхуэхэм хуэунэтIа мурадхэмрэ къалэнхэмрэ зыхуэдгъэувыжыпхъэщ. 2025 гъэм унэтIыныгъэ псомкIи ехъулIэныгъэ нэхъыбэ зэрызыIэрыдгъэхьэным дыхущIэкъун хуейщ», - жиIащ щIыналъэм и Iэтащхьэм. КIуэкIуэ Казбек министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэм пщэрылъ ящищIащ жыджэру, я къару псори ирахьэлIэу лэжьыгъэр къызэрагъэпэщыну, зыхуагъэувыжа къалэныщIэхэр зрагъэхъулIэным я гуащIэ щымысхьу халъхьэну.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис**, ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Журавлев Андрей**, мэкъумэш хозяйствэмкIэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Уэдыхь Тимур**, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министр **Езауэ Анзор**, финансхэмкIэ министр **Лисун Еленэ** сымэ.

Гулъытэ зыхуэщIыпхъэхэр къыхагъэщ

КIуэкIуэ Казбек хэтащ КъБР-м и МВД-м и коллегием. Абы щыхэплъэжащ 2024 гъэм IэнатIэм щалэжьахэм, апхуэдэуи дяпэкIэ къапэщылъ къалэнхэр щаубзыхуащ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ советым и секретарь **Тату Казбек**, КъБР-м федеральнэ инстпектор нэхъыщхьэу щыIэ **Васильченкэ Дмитрий**, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, КъБР-м и МВД-м и Жылагъуэ советым, Хабзэхъумэ IэнатIэхэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм я тхьэмадэхэу **Мэкъушэ Руслан**, **Пыхъ МуIэед**, къулыкъущIапIэм и лэжьакIуэхэр.

- Ди цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэныр, хабзэм емыбэкъуэнращ Урысейр къэралыгъуэ щхьэхуиту щытыным лъабжьэ хуэхъур. Ар мызэ-мытIэу къыхигъэщащ УФ-м и Президент Путин Владимир и къэпсэлъэныгъэхэми, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек къызэхуэсахэм защыхуигъазэм.

- Дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI лъэхъэнэм, экономикэ, политикэ дэкъузэныгъэхэм дыщыхэтым, димыныбжьэгъу къэралхэм Iуэху мыщхьэпэхэр ди хэкум щалэжьыну щыхэтым хабзэхъумэ IэнатIэхэм я къалэныр пылъхьэншэу ягъэзэщIэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. 2024 гъэм КъБР-м и МВД-м иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэм къагъэлъагъуэ щытыкIэр сыт хуэдэу гугъу хъуми пэщIэувэфыну зэрыхьэзырыр. ДяпэкIи гъащIэр зэпIэзэрыту щытынымкIэ, дин, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэ щIыналъэм илъынымкIэ, ди цIыхухэр щыIэкIэ-псэукIэ, экономикэ я лъэныкъуэкIэ хъума хъунымкIэ лэжьыгъэр екIуэкIынущ, - дыщIигъуащ Iэтащхьэм.

Къэрал унафэщIым, УФ-м и МВД-м и къулыкъущIапIэ нэхъыщхьэм къагъэлъэгъуащ мы IэнатIэм щызэфIагъэкIын хуей Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр. Абыхэм ящыщщ щIэпхъаджагъэ зыщIахэр къэлъыхъуэныр, жэуапым ешэлIэныр, цIыхухэм я мылъкур зыгъэкIуасэхэр, Iулъхьэ зэIэпызыххэр къыщIэгъэщыныр, нэгъуэщIхэри. Щхьэхуэу егугъупхъэщ гъуэгухэм къыщыхъу машинэ зэжьэхэуэхэр гъэмэщIэным.

КIуэкIуэ Казбек республикэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм щылажьэхэм фIыщIэ яхуищIащ я къалэныр псэ хьэлэлкIэ зэрагъэзащIэм папщIэ. «Си фIэщ мэхъу, дызэгъусэу ди къарур етхьэлIэмэ, къытпэщылъ къалэн псоми дазэрыпэлъэщынур», - жиIащ Iэтащхьэм.

2024 гъэм къулыкъущIапIэм иригъэкIуэкIа Iуэхугъуэхэр зэпкърыхауэ къигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министр, полицэм и генерал-майор **Крючков Вячеслав**.

Абы къыхигъэщащ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэмкIэ республикэм къыщыхъу лъэпощхьэпо, мыхъумыщIагъэ куэд къызэрызэпаудар, щытыкIэр зэпIэзэрыту, гугъуехь къыхэмыкIыу зэрахъумар. Гулъытэ нэхъыбэ зыхуащIахэм ящыщщ ди щIыналъэм экстремизм Iуэхухэр къыщымыгъэхъуныр, наркотик, Iэщэ хуэдэхэр зэремыгъэхьэныр, экономикэм епха щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуныр.

Ущеджэну гухэхъуэ ирехъу

Вольнэ Аул хьэблэм дэт школ №12-м ухуэныгъэщIэ зэрыщекIуэкIым и телеграм-каналым щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. ШколыщIэр яухыну я мурадщ 2025 гъэм къриубыдэу.

ЦIЫХУ 800 зыщIэхуэну ухуэныгъэр абдеж дыдэм ит, дяпэкIэ сабийхэр щебгъаджэ мыхъуну къалъыта школыжьым и пIэ къиувэн хуейуэ аращ. Лэжьыгъэхэр зэфIагъэкI «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым къыхуаутIыпща мылъкум къыхэкIыу.

Школ унэр къатищу зэтетынущ. Егъэджэныгъэр щрагъэкIуэкIыну пэшхэм нэмыщI, абы хэтынущ компьютерхэр зыщIэт классхэр, шхапIэ, пщэфIапIэ, зыкъэгъэлъэгъуапIэ хьэщIэщ, спортзал. Зыхуей хуагъэзэнущ школым къедза пщIантIэу стадион зыхэтынури, пэщIэдзэ классхэм щеджэ сабийхэм папщIэ джэгупIэри, паркри.

Школ №12-р Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ пасэу щаухуа еджапIэхэм язщ. Мы гъэм ар ирикъунущ илъэси 124-рэ.

«Шэч къытесхьэркъым мы еджапIэм щызэфIэува хабзэ дахэхэр школыщIэми зэрыздахьынум, абы ущеджэнуи ущылэжьэнуи нэхъри нэхъ тыншу, гухэхъуэ зэрыхъунум», - етх республикэм и Iэтащхьэм.

Ди къуэш республикэхэм

Илъэсищэ ирокъу

АДЫГЕЙ. ***Республикэм щагъэлъапIэ Лъэпкъ музейр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур. Абы егъэщIылIа «Музейм и дунейр» Iуэхухэр ирагъэкIуэкI.***

IУЭХУЩIАПIЭМ и лэжьакIуэхэр Адыгей республикэ гимназием щыIащ икIи еджакIуэхэр щыгъуазэ ящIащ Лъэпкъ музейм и тхыдэмрэ абы щахъумэ щIэин къулеймрэ.

НыбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ музей лэжьыгъэм, ирагъэлъэгъуащ тхыдэм и лъэхъэнэ зэмылIэужьыгъуэхэм ягъэхьэзыра хьэпшып гъэщIэгъуэнхэр.

Ди щIалэхэм ядоIэпыкъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Урысейпсо цIыхубэ фронтым и щIыпIэ къудамэм 34-нэ фочауэ гупым хуригъэшащ электроIэмэпсымэхэр.***

ЩIыпIэщIэм нэхъ зыщыхуеинухэм теухуауэ зауэлIхэр зыщIэупщIахэр Iэрагъэхьауэ аращ. «Дэ дыхущIэкъуащ абыхэм я лъэIур пIалъэ кIэщIым яхуэтщIэну. ФIыщIэ яхудощI Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэухэм, абыхэм жыджэру къыддаIыгъащ «Псори текIуэныгъэм папщIэ» пэхуэщIэр», - жаIащ ЦIыхубэ фронтым и лэжьакIуэхэм.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ КъШР-м абы хэтхэм яхуригъэшащ сэбэп къахуэхъуну хьэпшыпу, Iэмэпсымэу, ерыскъыхэкIыу, нэгъуэщIхэуи тонн 1200-рэ. Ди зауэлIхэр дэIыгъыным теухуа лэжьыгъэр ирагъэкIуэкI дзэ къулыкъущIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэнымкIэ Зыуэ щыт республикэ штабым и лэжьыгъэм хыхьэу. Абы и нэIэ тетщ КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид.

Хэхыныгъэхэм зыхуагъэхьэзыр

АБХЪАЗ. ***Республикэм и президентым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Бганбэ Валерий, районхэм я унафэщIхэм ядригъэкIуэкIащ къэралым и президентыр хэхыным пыщIа Iуэхухэм теухуа зэIущIэ.***

АР ЩIЭУПЩIАЩ мазаем и 15-м Iэ зэраIэтынум егъэщIылIауэ зэфIагъэкIхэм. Районхэм я унафэщIхэм жаIащ щыпIэхэм щытыкIэр зэрыщызэпIэзэрытыр.

Бганбэ Валерий къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ я къалэн нэхъыщхьэр цIыхухэм я шынагъуэншагъэр хыхьэу къызэгъэпэщыныр зэрыарар: Iуэхухэр зэтраухуэн хуейщ балигъ псори IэIэтым хэтыфын хуэдэу. Абы папщIэ зыхуеину транспортри, Iэмэпсымэхэри яIэу.

«Дэ штабхэм пэшхэмкIэ дадэIэпыкъуну, абыхэм я лэжьыгъэр тэмэму зэтедухуэну ди къалэнщ», - къыхигъэщхьэхукIащ абы. - «Черноморэнерго» компанием нэхъ пасэу дыгурыIуэн хуейщ мазаем и 15, 16 махуэхэм хэхыпIэ участкэ псори электрокъарукIэ къызэрагъэпэщыну», - къыхигъэбелджылыкIащ президентым и къалэнхэр зыгъэзащIэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«ТАСС Кавказ» щIыналъэ хъыбарегъащIэ центрым (Пятигорск къалэ) щIышылэм и 28-м КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ и пресс-конференц щекIуэкIащ. **Ар теухуауэ щытащ ди республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэр 2025 гъэм зэлэжьыну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм икIи эфир занщIэкIэ къыщатащ «Телеграм», «ВКонтакте» социальнэ сетхэм щаIэ напэкIуэцIхэм.**

УпщIэхэри жэуапхэри купщIафIэт

«ТАСС Кавказ» IуэхущIапIэм и пресс-центрым и унафэщI Березинэ Еленэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я журналистхэмрэ я упщIэхэр теухуат Лъэпкъ пэхуэщIэхэр (проектхэр) щIыналъэм зэрыщагъэзащIэмрэ абы щIэуэ халъхьэхэмрэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм пыщIа гугъуехьхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрадэIэпыкъум, дызэрыт илъэсыр «Хэкум и хъумакIуэу» зэрагъэувам ехьэлIауэ ирагъэкIуэкIынухэм, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и пэублэ псалъэм къыщыхигъэщащ, хабзэ дахэ хъуауэ, илъэсым яхузэфIэкIар къиипщытэжу, республикэм и журналистхэм ар зэраIущIэр, ауэ «ТАСС Кавказ»-м иригъэкIуэкIым иджы япэу зэрыхэтыр, икIи къызэрырагъэблэгъар зэригуапэр. Абы жиIащ 2024 гъэм щIыналъэм и къалэнхэр экономикэ и лъэныкъуэкIи социальнэ IуэхухэмкIи зэригъэзэщIар, Къэбэрдей-Балъкъэрым кIуэ пэтми зэрызиужьыр, цIыхухэм я псэукIэри зэIузэпэщ зэрыхъур. Егоровэр къытеувыIащ республикэм и депутатхэр псапэ зыпылъ Iуэхухэм зэрыхэтым, хабзэубзыху IуэхущIапIэм и ебланэ зэхуэсыгъуэм и лэжьыгъэр зэриунэтIым, федеральнэ жэрдэмхэр пхыгъэкIынымкIэ яIэ ехъулIэныгъэхэм, нэгъуэщIхэми.

Лъэпкъ пэхуэщIэхэр

Лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэм хабзэ и лъэныкъуэкIэ халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэмрэ абы ехьэлIауэ зрагъэхъулIахэмрэ щытепсэлъыхьым, Егоровэ Татьянэ жиIащ 2030 гъэ пщIондэ абыхэм зэрелэжьынур зэрыгъэбелджылар.

- Иджыпсту мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэм ящыщу къызолъытэ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» зыфIаща Iуэхур. Ар зытеухуар щIэблэр гъэсэныр, ижь-ижьыж лъандэрэ къыддэгъуэгурыкIуэ лъэпкъ хабзэхэм щIэпIыкIыныр, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ар пэIэщIэ щIыныр. Мы Iуэхум щIалэгъуалэм дызэрыдэлажьэ щIыкIэр игъэбелджылы къудейкъым, атIэ ныбжьыщIэхэр жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтынми езыхэми пщэрылъ къазэрытехуэми хуигъэхьэзырынущ. Дауэ хъуми, ди къэралым и къэкIуэнур ахэращ зыIэщIэлъыр, - пищащ Егоровэм. - Къыхэзгъэщынут «Туризмэмрэ хьэщIагъэмрэ», «Экологие шынагъуэншагъэ» лъэпкъ Iуэхухэри.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● ПэкIу

Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ КIыщокъуэ Алим дунейм зэрехыжрэ илъэс 24-рэ щрикъум ирихьэлIэу пэкIу екIуэкIащ. КIыщокъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым тет Налшык къалэ администрацэм и гупэм къит фэеплъым деж, гъэ къэси хуэдэу, цIыхушхуэ щызэхуэсат. Абыхэм яхэтт жылагъуэ, политикэ Iуэху зезыхьэхэр, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэр, лъэпкъ интеллигенцэр, усакIуэм и благъэхэр, Iыхьлыхэр, ныбжьэгъухэр, и усэхэр фIыуэ зылъагъухэр.

Ихъуреягъыр къигъэнэхурт

ЗЭХЫХЬЭР иригъэкIуэкIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. Абы жиIащ КIыщокъуэ Алим и IэдакъэщIэкIхэм адыгэ, союзпсо литературэхэр зэрагъэбеяр, цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа тхакIуэм къыщIэна тхыгъэхэм щIэупщIэ зэраIэр икIи ахэр ди зэманым зэрыпэджэжыр.

- Дызэрыгушхуэ КIыщокъуэ Алим и гъащIэм урипльэжмэ, псэуху ар лъэпкъым хуэлэжьащ. Адыгэ литературэм и мызакъуэу, Кавказым, Урысейм, дуней псом щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфI хуищIащ. Кулиев Къайсынрэ абырэ яку дэлъа зэныбжьэгъугъэр щапхъэщ, лъэпкъитIым щыщхэм, зэгъунэгъухэм яку дэлъын хуей зэхущытыкIэмкIэ. - жиIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. - КIыщокъуэ Алим и гъащIэмрэ гуащIэмрэ нобэр къыздэсым ядж литературэм и лэжьакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм. Езым и зэманым ар хущIэкъуащ лъэпкъхэм я лъапIэныгъэхэмрэ хабзэмрэ хъумэным, Iэщэ иIыгъыу пэщIэтащ фашизмэмрэ нацизмэмрэ земыгъэубгъуным. КIыщокъуэ Алим хуэдэ нэхъыжьыфIхэм, Хэкум и хъумакIуэхэм зэрахьа лIыгъэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, абы щIэблэр щыгъуэзэн хуейщ, щIалэгъуалэр апхуэдэхэм яхуэфащэу къэхъун папщIэ. Алим и ужьыр махуэ Тхьэм тхуищI! Абы и лъэужьыр зымыгъэкIуэдын лъэпкъ Тхьэм дищI!

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ **Беппаев МутIалип** жиIащ дэнэ щыпIэ щыIэну, къулыкъу щищIэну къыхуихуами, КIыщокъуэ Алим сыт щыгъуи гукIи псэкIи фIыуэ илъагъу Къэбэрдей-Балъкъэрым, щалъхуа Щхьэлыкъуэ къуажэм къыхуеIэу зэрыщытар, ди щIыналъэмрэ Совет Союзымрэ я мызакъуэу, и тхыгъэхэм хамэ къэралхэми щIэупщIэшхуэ зэрыщаIар, ноби ахэр зэрызэIэпахыр. Ар зэхуэсахэм къахуеджащ КIыщокъуэ Алим и зы усэ.

- КIыщокъуэ Алим и гъащIэр триухуащ цIыхубэм яхуэлэжьэным. Зэманым декIуу псэуащ ар. Абы и гуащIэр хэмытамэ, республикэм и щэнхабзэмрэ литературэмрэ ныкъуэ хъунут икIи апхуэдэ уи нэгу къыщIэгъэхьэгъуейщ. Волонтёрхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм нэгъабэ письмо мин 15 къытхуагъэхьащ. Абыхэм къыщыхьат дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм яхуэгъэза, абы къулыкъу щызыщIэхэм къабгъэдэкI усэхэри. Письмохэм къыщыхьа усэ 750-рэ къыхэтхащ, мазаем и 23-м къыдэкIыну тхылъым хэдгъэхьэну. Ар щIыжысIэр усэм къару зэриIэрщ. КIыщокъуэм щIэиныфI къытхуигъэнащ. Дэтхэнэ зыми ди къалэнщ гунэс тщыхъуа тхакIуэм и лэжьыгъэхэм щIэблэр щIэтпIыкIыну. КIыщокъуэ Алим сыт щыгъуи ди гъусэщ! - къыхигъэщащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, лъахэхутэ **Котляровэ Марие**.

- Республикэм и цIыхубэ усакIуэ, ди щIыналъэм и къуэ пажэ КIыщокъуэ Алим зыцIыхуну зи насып къихьахэм сэри сащыщщ. Ипхъу Татьянэрэ сэрэ дызэныбжьэгъут икIи телевиденэм дыщызэдэлажьэрти, я деж куэдрэ сыщыхьэщIэну къысхуихуащ. Татьянэ иджы Стокгольм къалэм щыпсэуми, иджыри дызэрощIэ. И адэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ нобэ литературэм щаубыд увыпIэм ар щыщIэупщIэкIэ, КIыщокъуэ Алим ди республикэм и тхыдэм, усыгъэм, прозэм хуэфащэ увыпIэ зэрыщиIыгъым тызогъэчыныхь. Псом хуэмыдэу нэхъыжьхэм зэIэпытхыу къекIуэкIа и тхыгъэ купщIафIэхэр дунейпсо классикэ литературэм и фIыпIэу къалъытэ. Ар цIыху гуапэу, пэжыгъэм и телъхьэу, ихъуреягъыр къигъэнэхуу щытащ. Си фIэщ мэхъу усакIуэшхуэм и IэдакъэщIэкIахэм иджыри лIэщIыгъуэ куэд къызэрызэпачынур, - жиIащ журналист, усакIуэ **Моттаевэ Светланэ**.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Гъут Iэдэм** ягу къигъэкIыжащ лъэпкъыр, Хэкур зэщIэзыгъэуIуэ дыхъуным теухуауэ КIыщокъуэ Алим жиIа псалъэхэр. Абы щIигъужащ усакIуэм ар щIыжиIар нобэ хуэдэ зы махуэу зэрыщытыр. Ар къытеувыIащ зи псалъэм мыхьэнэшхуэ иIэ тхакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм гупсысэ куу зэращIэлъым.

Шэджэм щIыналъэм и лIыкIуэ **Уэдыжь Хьэсанш** пэкIум зыкърезыгъэхьэлIахэм яжриIащ КIыщокъуэ Алим усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэу зэрыщытам къыдэкIуэу, жылагъуэ лэжьакIуэ пэрытуи жэуаплыныгъэ зыпылъ къулыкъухэр иIыгъуи къызэрыгъуэгурыкIуар, и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр цIыхубэм фIыуэ зэралъэгъуар, къэрал дамыгъэ куэд къызэрыхуагъэфэщар, цIыхум я гум фIыкIэ къызэринар. Ар къытеувыIащ щIыналъэм и гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным КIыщокъуэр зэрытелэжьам, и псалъэм пщIэшхуэ зэриIам, лъэпкъ литературэхэр зыгъэбея усакIуэхэу КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ Хэку зауэшхуэм зэрызэришэлIам икIи псэуху ахэр зэныбжьэгъуу, унагъуэкIэ зэкIэлъыкIуэу, махуэшхуэхэр зэдагъэлъапIэу зэрыщытам. «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» щIыхьыцIэр абы къыщыхуагъэфэщам, республикэм ис лъэпкъ псоми я махуэшхуэт. КIыщокъуэм и фэеплъымрэ абы и гуащIэмрэ зэи тщыгъупщэнукъым! - жиIащ Уэдыжьым.

Къумахуэ Мухьэдин пэкIум хэтахэм ягу къигъэкIыжащ Алим и уэсятыр: бзэр фхъумэ, хабзэр фымыгъэкIуэд, фIыуэ фызэрылъагъу, лъэпкъыр хэвмыгъэкIуэдэж!

ЗэIущIэр и кIэм щынэблагъэм, КIыщокъуэ Алим и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ. Зэхыхьэм хэтахэр кIуащ Алим къыщалъхуа, щыщIалъхьэжа Щхьэлыкъуэ къуажэм, абы усакIуэшхуэм и фэеплъу дэт музейм. Аращ щахъумэр усакIуэм къыщIэна хьэпшыпхэр, сурэтхэр, тхылъхэр. Абдежми и гъащIэм щытепсэлъыхьащ, и усэхэм къыщеджащ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

УпщIэхэри жэуапхэри купщIафIэт

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къулейщ щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ, псы хущхъуэхэмкIэ. Илъэс къэс республикэм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм я бжыгъэм хохъуэ. Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ туризмэмрэ абы ехьэлIа Iуэхутхьэбзэхэмрэ зедгъэужьыным, сыту жыпIэмэ ар ди экономикэр къэзыIэт IэнатIэхэм ящыщщ. Абы къэрал ахъши унеи мылъкуи хэтлъхьэнущ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт 2025 гъэм туризмэм епха налогыр зы процентым зэрыщIимыгъунур, ауэ 2029 гъэм ирихьэлIэу ар процентi 5-м нэсынущ. Абы къызэщIиубыдэнущ санаторэхэр, цIыхухэр пIалъэкIэ къыщызэтеувыIэ хьэщIэщхэр. Хьэрычэт Iуэхум ар къытемыхьэлъэн хуэдэу хуэгъэкIуатэхэр къагъэсэбэпыну Iэмал яIэнущ. Псори зэхэту ди республикэр лъэпкъ Iуэху 12 егъэзащIэ.

ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэр

- ЩIыналъэ куэдым гугъуехьхэр яIэщ ЖКХ-м ехьэлIауэ. Аращ къэралым абы гулъытэ хэха щIыхуищIыр. ЗэрыфщIэщи, УФ-м и Президент Путин Владимир къыхилъхьащ 2030 гъэ пщIондэ мы IэнатIэр егъэфIэкIуэным триллиони 4-рэ ныкъуэрэ трагъэкIуэдэну. Ди республикэм и гугъу пщIымэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм зэрызедгъэужьыным иужь дитми, жьы хъуа псыжапIэхэр, хуабэр зэрыкIуэ бжьамийхэр иджыри ди куэдщ. Къапщтэмэ, 2025 - 2027 гъэхэм къриубыдэу псом япэу дызэлэжьын хуейхэр дгъэбелджылащ. Абы ипкъ иткIэ псыжапIэ километр 250-м нэблагъэ щызэрахъуэкIынущ, республикэм и щыхьэрым и псы зэхуэхьэсыпIэ нэхъыщхьэу тIу зэрагъэпэщыжынущ. Къищынэмыщ Iауэ, 2025 гъэм «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыным и IуэхукIэ» къэрал программэм хыхьэу, Азау хуейм къыщыщIэдзауэ Эльбрус къуажэм нэскIэ псы фIейр зэрыжэ бжьамийхэр зэрахъуэкIынущ, Тырныауз къалэм псы фIейр щагъэкъабзэ ухуэныгъэхэм щелэжьынымрэ Бахъсэн щIы щIагъкIэ псыр щIэжу щыщIынымрэ ехьэлIа Iуэхухэми пащэнущ. Нэгъуэщ I лэжьыгъэ куэди къытпэщылъщ. Зэман гъунэгъум абыхэм елэжьыным сом меларди 3,6-м щIигъу хухагъэкIынущ, - жиIащ къэпсэлъам.

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ

Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ псом хуэмыдэжу ди зэманым тхыдэр зремыгъэхъуэкIыным гулъытэ хэха хуащIын зэрыхуейр. Абы жиIащ ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм Iуэхугъуэ куэд зэрыращIылIэнур, ауэ псом нэхъыщхьэр нэхъыжьхэм гулъытэ ягъуэтын зэрыхуейрщ. Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ депутатхэм 2016 гъэ лъандэрэ Хэку зауэшхуэм хэта ветеранхэм я нэIэ зэрытрагъэтар, зыхуэныкъуэхэмкIэ зыщIагъакъуэу, хущхъуэкIэ къызэрагъэпэщу. Ар къытеувыIащ Хэку зауэшхуэм и тхыдэмрэ мыхьэнэмрэ депутатхэр, щIэныгъэлIхэр, къулыкъущIэхэр, дин лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэр зэгъусэу щытепсэлъыхьу КъБР-м и Парламентым тхьэмахуитIым нэблагъэкIэ зэхуэсхэр зэрыригъэкIуэкIами.

Мы зэманым депутатхэм я нэIэм щIэтщ дзэ Iуэху хэхам хэт цIыхуи 140-рэ. Егоровэ Татьянэ зэрыжиIамкIэ, ар ящыщщ КъБР-м и Iэтащхьэм къыхилъхьа «ЛIыхъужьхэм я бынхэр» жэрдэмым къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэным. СВО-м щыIэхэм я сабийхэмрэ унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъуныр щ зытеухуар. Апхуэдэ унагъуэхэм гулъытэ хэха хуащI, сыт хуэдэ гугъуехь къалъыкъуэкIми, зыкъызэрыхуагъазэу зэхагъэкIыным иужь йохьэ. Къищынэмыщ Iауэ, хабзэубзыху IуэхущIапIэм и депутатхэм мазэ къэс ахъшэ зэхуахьэс дзэ Iуэху хэхам хэтхэм иридэIэпыкъуну.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIыр къытеувыIащ щIыналъэм къыщызэрагъэпэщ нэгъуэщI дэIэпыкъуныгъэхэми: зэгурыIуэныгъэм Iэ щытрадзэкIэ зэуэ сом мелуанрэ ныкъуэрэ зэрыратым, мазэ къэс сом мин 25-рэ зэрыхущIагъум, уIэгъэ хъуахэм сом мини 100 - 300-кIэ зэрызыщIагъакъуэм. «Ди хабзэубзыху IуэхущIапIэм къищтащ сабий зеиншэхэм ящыщу СВО-м къулыкъу щызыщIэну кIуар хэкIуадэ хъумэ, унэ къратын хуейуэ абы иIэ хуитыныгъэхэр и унагъуэм, щхьэгъусэмрэ сабийхэмрэ, зэрыратым теухуа хабзэ. Къапщтэмэ, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм дазэрыдэIэпыкъур куэд мэхъу, апхуэдэхэм я бынхэр пщIэншэу школым зэрыщагъашхэм къыщыщIэдзауэ налог транспортыр зэрыщхьэщахым щыщIэкIыжу. Къыхэзгъэщыну сыхуейт СВО-м ирагъашэ дэIэпыкъуныгъэхэр зэхуэхьэсыным депутатхэри жыджэру зэрыхэтыр», - жиIащ Егоровэм.

ЗэгурыIуэныгъэхэр

Егоровэ Татьянэ къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ КъБР-м и Парламентыр адрей щIыналъэхэм я хабзэубзыху IуэхущIапIэхэм зэрадэлажьэми. Абы жиIащ 2025 гъэм и гъатхэпэм Иркутск областым и Хабзэубзыху зэхуэсымрэ Мурманск щIыналъэм и Думэмрэ зэрадэлэжьэну зэгурыIуэныгъэм Iэ зэрыщIадзынур. «Мы зэманым ирихьэлIэу, КъБР-м и Парламентыр щIыналъэ 20-м щIигъум, нэхъ ди гъунэгъухэм я деж къыщыщIэдзауэ Поволжьемрэ Сыбырымрэ нэс щыщIэкIыжу, зэгурыIуэныгъэкIэ ядолажьэ. ИкъукIэ ди гуапэщ ди хабзэубзыху IуэхущIапIэм апхуэдэ гулъытэ къызэрыхуащIыр. Нэхъ ипэкIэ зэфIэкIхэмкIэ дызэхъуажэу щытамэ, иджы Iэмал диIэнущ къэпщытэныгъэ-аналитикэ Iуэхугъуэхэри зэгъусэу едгъэкIуэкIыну», - къыхигъэщащ Егоровэм.

Абы дыщIигъуащ федеральнэ жэрдэмхэр пхыгъэкIынымкIэ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм ехъулIэныгъэфIхэр зэриIэри. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ар зэпымыууэ къегъэлъагъуэ. КъБР-м и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыгъуэм къыщыщIэдзауэ УФ-м и Къэрал Думэм хабзэ жэрдэм 35-рэ халъхьащ, абы щыщу 18-р федеральнэ закон хъуащ. «2025 гъэр къэблэгъауэ, УФ-м и Президент Путин Владимир Iэ щIидзащ къыхэтлъхьа законым. Ар КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм къабгъэдэкIащ. Сыт дэфтэрыр зыхуэунэтIар жыпIэмэ, водителым ОСАГО полисыр имыIэу етIуанэу къыщIагъэщмэ, административнэ жэуапым зэрырашэлIэнурщ. Мыпхуэдэ хабзэхэр куэду къызэрыхэтлъхьэнракъым ди дежкIэ нэхъыщхьэр, атIэ цIыхухэм ящхьэпэным тетщIыхьынырщ», - дыщIигъуащ Егоровэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Зауэм и бынхэр

ЯхузэфIэкIахэр къапщытэж

«Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и къудамэу Шэджэм щIыналъэм щыIэм и унафэщI Уэрыш Мушариф иджыблагъэ зэIущIэ щхьэпэ иригъэкIуэкIащ. Абы къыщапщытэжащ илъэс блэкIам зыхуагъэувэжа къалэнхэм ящыщу зэфIагъэкIахэр. Апхуэдэуи дызытехьа илъэсым лэжьыпхъэхэр ягъэбелджылащ.

ЗЭIУЩIЭМ щIэсащ щIыналъэм и ветеран зэгухьэныгъэм и унафэщI Щад Хьэсэн, Шэджэм район администрацэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ Нэзрэн Вячеслав, Шэджэм щIыналъэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэу КIуэкIуэ Аскэрбийрэ Шэрджэс Русланрэ.

Уэрышым я лэжьыгъэр къыщипщытэжым жиIащ:

- Нэгъабэ дэ тхузэфIэкIащ зи сабиигъуэр зауэм хиубыда ди нэхъыжьыфIхэм зы тIэкIу нэхъ мыхъуми я гум дедэхэщIэну, ялъэгъуа гугъуехьымрэ хьэзабымрэ зэрытщымыгъупщар зыхедгъэщIэн мурадкIэ, яхуэтщIар мащIэми, дегуапэкIыну. Псалъэм папщIэ, «Зауэм и бынхэр» зытет медалыр абыхэм щахэтлъхьэм деж, ягухэр къызэфIэнэурэ я нэпсхэм къызэпежыхь, ягъэва гукъутэр я нэгум къищу. Зи сабиигъуэр лъэхъэнэ гуащIэм хиубыдахэм ящыщу 140-м а медалхэмкIэ дахуэупсащ. Ахэр щахэтлъхьэм, нэхъыжьхэм яIудгъэщIа ныбжьыщIэхэм дерс къызыхахын псалъэ зэхрагъэхащ, Хэкур фIыуэ лъагъун, хабзэм тетын, ныбжьэгъугъэр гъэлъэпIэн, цIыхум пэжу хущытын, фIыуэ еджэн зэрыхуейм къыхураджэу.

Иджыри, апхуэдэ саугъэтхэр еттын хуейуэ цIыху 700 - 800-м нэс диIэщи, мы къэкIуэну илъэсхэм а Iуэхур зэщIэдгъэхьэну ди мурадщ.

Хэку зауэшхуэм текIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъу дгъэлъапIэу, мы гъэми ди нэхъыжьыфIхэм гулъытэ хэха яхуэтщIынущ, я гуапэ хъун Iуэхугъуэхэр къахузэдгъэпэщынущ. А лэжьыгъэмкIэ къыддэIэпыкъуну мурад зыщIхэр, «фи гъусэу дэри нэхъыжьхэм пщIэ яхуэтщIынущ!» жызыIэхэр хуитщ гупым къытхыхьэну, - жиIащ Уэрышым.

Абы фIыщIэ хуищIащ сытым дежи дэIэпыкъуэгъу къахуэхъу Iэрыпщэ Жаннэ - щIыпIэ администрацэм и тхьэмадэм къуэдзэм, егъэджэныгъэмкIэ щIыналъэ Управленэм и унафэщIым.

КIэлъыкIуэу псалъэ зрата Нэзрэн Вячеслав фIыщIэ яхуищIащ «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэмрэ ар къызэзыгъэпэщахэмрэ.

- Дэ икъукIэ ди гуапэщ нэхъыжьхэм ятеухуауэ влэжь IуэхуфIхэр, абыхэм папщIэ ефхьэжьэ лэжьыгъэхэр вдэтIыгъыну дыхьэзырщ. «НэхъыжьыфI здэщыIэм, нэхъыщIэфIи щыIэщ» жыхуиIэращ. ПщIэ хуэтщIын хуейщ апхуэдэ гузэвэгъуэм зи сабиигъуэр хиубыдахэм. Хэкур зыхъумэжыну тэджа я адэ-анэхэм къыхуагъэна лэжьыгъэ мытыншым пэрыувэу, сабиигъуэ ямылъагъуу, IэнатIэ гугъур къезыхьэлIа ди нэхъыжьыфIхэм. Иму фIыщIэ фхузощI, нэхъыжьхэм ятеухуауэ апхуэдэ гукъэкI Коммунист партым зэриIэм папщIэ, - жиIащ Нэзрэным.

АдэкIэ къэпсэлъащ компартым и район къудамэм и япэ секретарь Мэкъуауэ Анетэ:

- Ди нахъыжьыфIхэм папщIэ компартым илэжь Iуэхугъуэм кIэщIу щыгъуазэ фыхуэсщIынщ. УФ-м и компарт къудамэм къыбгъэдэкIыу Къэрал Думэм лъэIу тхылъ зыбжанэрэ щIалъхьащ, ди нэхъыжьыфIхэм дэIэпыкъуныгъэ гуэркIэ зыкъыщIагъэкъуэну лъаIуэу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а жэрдэмыр къыддаIыгъакъым. Ауэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ Урысейм и щIыналъэхэм ящыщу 36-м я щIыпIэ администрацэхэм я жэрдэмкIэ, сом бжыгъэ гуэркIэ зэрызыщIагъакъуэр зи сабиигъуэр зауэм хиубыдахэм. Гуапэ пщымыхъуу къанэркъым нэхъыжьхэм апхуэдэ пщIэ хуащIу щызэхэпхым и деж. Дэри ди къалэнщ, ахэр зымащIэ нэхъ мыхъуми дгъэгуфIэну, апхуэдиз бэлыхь зышэчахэм зыгуэркIэ защIэдгъэкъуэну.

Дызэрыхьа илъэсым Iэтауэ ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр илъэс 80 зэрырикъур дэнэ щIыпIи щагъэлъэпIэнущ. Дэ ди къэлэнщ а Iуэхугъуэр зыхуей хуэзэу къызэдгъэпэщыну, щIэблэм ябгъэдэтлъхьэну, ахэр хэкупсэу, щыпсэу къэралым ирипагэу, къызыхэкIа лъэпкъыр ящIэжу, ди нэхъыжьыфIхэм яшэча хьэзабхэр зыхащIыкIыу, тхыдэм пщIэ хуащIу, я блэкIар ящIэжу къэхъун папщIэ, - жиIащ абы. Гулъытэ зыхуэтщIын хуейхэм ящыщщ районым ит фэеплъхэмрэ, зэхэуэхэр щекIуэкIа щIыпIэхэм щыIэ ухуэныгъэхэмрэ зыхуей хуэдгъэзэныр. Курыт еджапIэм щIэс ныбжьыщIэхэмрэ ди нэхъыжьыфIхэм ящыщу абыхэм нэкIуэфыну зи къару къихьынухэмрэ ди гъусэу фэеплъхэм удз гъэгъахэр тетлъхьэну ди мурадщ.

«Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэм щыщу лэжьыгъэм къыхэжаныкIахэмрэ дэIэпыкъуэгъу къахуэхъуахэмрэ Уэрышым зэIущIэм щаритащ щIыхь тхылъхэмрэ фэеплъ медалхэмрэ.



Тхыгъэри сурэтри **КЪАНКЪУЛ Зазий** *ейщ.*

● Гъуэгухэр

ЗэхъуэкIыныгъэхэр нэрылъагъущ

ЦIыхухэм я Iуэху еплъыкIэхэр зыхуэдэр зэгъэщIэнымкIэ урысейпсо центрым (ВЦИОМ) иджыблагъэ иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, ди автомобиль гъуэгухэм я фIагъым арэзы къызэрищIыр къыжаIэщ къэралым и цIыхухэм я процент 56-м. Ар щрагъэкIуэкIар 2024 гъэм и дыгъэгъазэрщ икIи къалэн нэхъыщхьэу щытар «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ пэхуэщIэр къазэрехъулIэ щIыкIэр зэхэгъэкIыныр щ. УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат ар щыжиIащ иждыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм.

«ИДЖЫПСТУ жыпIэ хъунущ «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ пэхуэщIэмкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зэрыдиIэр. Абы къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр къанэ щымыIэу зэфIэдгъэкIащ, языныкъуэхэмкIи щIедгъэгъуащ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, цIыхухэм а зэхъуэкIыныгъэфIхэм гу лъатэ. Абы щыхьэт тохъуэ иджы ирагъэкIуэкIа щIэупщIэныгъэхэм къарикIуахэр. ВЦИОМ-м къызэритамкIэ, къэралым щыпсэухэм я процент 56-р арэзы тохъуэ ди автомобиль гъуэгухэм я фIагъымрэ шынагъуэншагъэ и лъэныкъуэкIэ ахэр къызэрызэгъэпэщамрэ. Абы къыхэкIыу гъуэгуфIхэр ухуэныркъым нэхъыщхьэр, атIэ цIыхухэм я шынагъуэншагъэр абыхэм къыщызэгъэпэщынырщ, я гъащIэр егъэфIэкIуэнырщ, нэхъ тынш щIынырщ», - жиIащ Хуснуллин Марат.

ЩIэупщIэныгъэхэм къыщыхагъэща бжыгъэр - 56-р, ар лъэпкъ пэхуэщIэм и паспортым къыщыгъэлъэгъуа бжыгъэхэм нэхърэ нэхъыбэщ. ЩIэупщIэныгъэхэм хэтащ УФ-м и щIыналъэ 89-м я цIыхуу 172-рэ. Автомобиль гъуэгухэм я фIагъым цIыхухэр арэзы нэхъыбэу щытехъуа щIыналъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхохьэ. Мыбдежым щIэупщIэныгъэхэм хэтахэм я процент 65-м жаIащ ди гъуэгухэр зэрефIэкIуар.

ВЦИОМ-м зэрыщыжаIамкIэ, цIыхухэм гу лъамытэу къанэркъым щIыналъэхэм щрагъэкIуэкI гъуэгу лэжьыгъэхэм фIы куэд къазэрыдэкIуэм. Гъуэгухэм ущызекIуэну нэхъ тынш, шынагъуэншэ хъуащ, зэхыхьэпIэ-зэхэкIыпIыхэр IупщIу къыщыхощ, гъуэгу инфраструктурэри ирагъэфIакIуэ зэпытщ.

«ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ автомобиль гъуэгуу псори зэхэту километр 90-м нэблагъэ щыIэ мардэхэм кърагъэтIэсащ 2024 гъэм. Иужьрей илъэситхум къриубыдэу апхуэдэ лэжьыгъэхэм псори зэхэту гъуэгу 1118-рэ къызэщIрагъэубыдащ, иджырей уэздыгъэхэр псори зэхэту километр 380-м щыпадзащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● ЕхъулIэныгъэ

НэхъыфIхэм халъытащ

«Триикс Медиа» кинокомпанием илъэс 18-м щIигъуауэ Урысейм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я журналистхэр хэту къызэрегъэпэщ ди цIыхухэм я лIыхъужьыгъэм теухуа тхыгъэ нэхъыфIхэм я зэпеуэ. Абы и хабзэм ипкъ иткIэ, тхыгъэхэр хуэгъэпсауэ щытын хуейщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, дохутырхэм, мафIэсгъэункIыфIхэм, волонтерхэм, хабзэхъумэ IэнатIэм, нэгъуэщI IэщIагъэхэм пэрыт лэжьакIуэхэм зэрахьа лIыгъэм. НэхъыфIу къыхахахэр и лъабжьэу фильмхэмрэ сериалхэмрэ трахынущ.

ЗЭПЕУЭМ лэжьыгъи 120-м щIигъу ягъэхьащ. Абыхэм къыщыгъэлъэгъуэжат ди Хэкум и щIыналъэ куэдым щыпсэу цIыху къызэрыгуэкIхэм я хъыбар гъэщIэгъуэнхэр.

«Зэпеуэм къагъэхьа дэтхэнэ лэжьыгъэми гупсэхуу дыхэплъащ икIи зэпкърытхащ, къыхэдгъэщынуи дыхуейт ди журналистхэм Iэзагъышхуэ зэрабгъэдэлъыр. Абыхэм я тхыгъэхэм иджыри зэ наIуэ къытщащIащ и IуэхущIафэр е и махуэкъэс псэукIэр лIыгъэ зехьэным, хьэрэмыгъэншэу гъунэгъум дэIэпыкъуэгъу хуэхъуным хуэгъэпса, гулыцI зиIэ цIыхухэр куэду ди гъащIэм зэрыхэтыр. Ахэр хэт ди гъунэгъущ, хэти ди благъэщ, хэти ди ныбжьэгъущ, хэти ди цIыхугъэщ... Хамэ гуауэм зэрыпыкъуэкIыфым, хуей хъумэ, къапэув Iуэхур хахуагъэ къагъэлъагъуэу зэрызэфIахыфым абыхэм я пщIэр еIэт, ахэр зи лIыхъужь нэхъыщхьэ фильмхэри цIыхухэм я гум дохьэ. Абы и щыхьэтщ тетха фильмхэмрэ сериалхэмрэ урысейпсо, дунейпсо кинофестивалхэм я саугъэту 60-м щIигъу къызэрыхуагъэфэщар, я рейтингхэр зэрылъагэр», - жаIэ зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщакIуэхэм.

Зэпеуэм кърикIуахэр Урысей печатым и махуэм ирихьэлIэу наIуэ хъуащ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, зи лэжьыгъэ къыхагъэща журналистихым яхэхуащ ди республикэм щыщ Джэдугуэш Оксанэ. «Советская молодежь» газетым и электрон къыдэкIыгъуэм ихуа, математикэмкIэ егъэджакIуэ Гъут Хуэмей теухуа «Учитель – призвание высокое и благородное», «Черкесские вести» газетым къытрадза, Щоджэн Анзор и гъащIэр къыщигъэлъэгъуэжа «Вечно молодым останется в памяти» тхыгъэхэм урысей зэпеуэм гулъытэ щагъуэтащ.

«Пэжыр жысIэнщи, сэ икъукIэ сыщыгуфIыкIащ егъэджакIуэмрэ Хэкум и хъумакIуэ, зи гъащIэр гущIыхьэу къызэпыуда щIалэщIэмрэ ятеухуа си тхыгъэхэр «Триикс Медиа» кинокомпанием и проектыщIэхэм я лъабжьэ зэрыхъунум», - къыджиIащ Оксанэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Хурирэт и гъащIэ гъуэгуанэр

ЦIыху куэд зауэ гущIэгъуншэм адэ-анэншэу къигъэнащ, я сабиигъуэр трихащ, гугъуехь Iэджи яригъэващ, гузэвэгъуэ куэди я нэгу щIигъэкIащ.

КЪАЛМЫКЪ (Жэмыхъуэ) Хурирэт Мухьэмэд и пхъур хапIыкIащ а зэман дыджым. 1936 гъэм накъыгъэм и 4-м Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ ар. Зауэ угъурсызыжьым сабий мащIэ адэншэ ищIа, куэд къэзымыгъэщIауэ куэд зылъэгъуа жыхуаIэхэм хуэдэти, и адэр зауэм хэкIуэдащ, бынищ цIыкIуу къыщIэнэри. Зэман куэди дэмымыкIыу и анэри дунейм ехыжащ.

Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт зи адэ-анэ пасэу зыщхьэщыкIа бынунагъуэм я фэм дэкIар? Зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм хиубыда, комсомолым и секретару щыта Хурирэт, и гъащIэм гуауи гуфIэгъуэ куэди щигъэунэхуащ. МэжэщIалIагъэр, щIыунэ щIыIэр, гугъуехь IэнатIэр и фэм дэкIащ.

ГъащIэр шы жэрым ещхьщ, гъэхэр йоджэрэзэкI зыр адрейм къыкIэлъыкIуэу. Зеикъуэ курыт школ №2-м ехъулIэныгъэфIхэр иIэу 1955 гъэм къиухри, а еджапIэ дыдэм занщIэу физикэмрэ химиемкIэ и кабинетым и лаборанту ягъэуващ. Илъэс хыщIкIэ и зэфIэкI лъагэхэр къыщигъэлъагъуэу абы щылэжьащ.

Акъыл жан, гу щабэ, псэ хьэлэл зыбгъэдэлъ цIыхущ Хурирэт. Сабий иригъаджэхэми, къыдэлажьэхэми, псоми пщIэшхуэ къыхуащIырт, фIыуэ къалъагъурт, школми, лъэпкъми Iуэху гуэр зэфIэгъэкIын хуей хъуамэ, псори Хурирэт деж чэнджэщакIуэ къакIуэрт.

ГукIи-псэкIи зыхищIэу и еджакIуэ цIыкIухэр фIыуэ илъагъурти, къэфакIуэ гупжьей къызэрагъэпэщри кърататащ. Абы игъэсахэм яхэтащ иужькIэ цIыху цIэрыIуэ хъуахэр.

Къалмыкъ Хурирэт, ильэс пщыкIухым щитым тхэным дихьэхат, ауэ укIытэрти и тхыгъэхэр утыку кърихьэфакъым. ИужькIэ, и щхьэгъусэр пасэу дунейм ехыжри, бынибл къигъэтэджын хуейуэ и пщэ къыдэхуащ. Псоми IэнатIэ зырыз ярыгъэгъуэтащ, бынунагъуэу игъэтIысыжащ. И ныбжьыр илъэс тхущIым щитым щыгъуэщ и тхыгъэхэр дунейм къытехьэн щыщIидзар.

Гурыщ Iэ нэхукIэ гъэнщIауэ, гущIэм лъэIэсу и тхыгъэ куэд, и усыгъэ куэд къытрадзащ «Баксанский вестник» газетым и «Махуэгъэпс» напэкIуэцIым. Нэхъыбэу тетхыхьащ зауэ зэманым, фызабэ гъащIэм, адэ хъыбарыншэм, нэгъуэщIхэми. Хурирэт и гум илъ щIэгъыбзэр къыщиIуэтащ и тхыгъэхэмкIэ:

Адэ хъыбарыншэхэм
теухуауэ гъыбзэ,
Сэркъым япэу зигу къипсэлъыкIар,
Нобэми си закъуэ къэзылъхуам
епщIыхьыр,
Дапщэ хъурэ, зауэ, зи гущIэ пкъутар?
Блыным фIэлъ сурэтым,
гупсысэм сыхешэ,
Уэ сынопсэлъылIэ жэуап къызомыт.
Упсэужкъэ, си адэ,
щхьэ ухъыбарыншэ?
Къогъыкыр си гущIэр,
гуауэр сщхьэщымыкI.

ЦIыхубзыр - ар бынщ, жьэгущ, гуащэщ, лъэпкъым и набдзэщ. ГъащIэр зыгъэдахэжыр цIыхурашщ. Лъэпкъ къэскIи зэрыгушхуэн иIэжщ икIи абыхэм ящыщщ Хурирэт. Япэ дыдэ Зеикъуэ къуажэм Къалмыкъ лъэпкъым и зэхыхьэ къызэзыгъэпэщахэм ящыщт ар. Къищынэмыщ Iауэ, я жыг къудамэр яхуищIащ, абыкIэ лъэпкъ зэпеуэм япэ увыпIэри къыщихьащ.

Хурирэт, цIыхубзышхуэкIи уеджэнукъым, ауэ къаруушхуэ зыбгъэдэлъащ. Бахъсэн районым япэ дыдэ ирагъэкIуэкIа «Нанэхэм я зэпеуэм» и ныбжьыр илъэс 70-м щитым пашэныгъэр къыщызыхьам ящыщщ. Абы зэфIэкI куэд къыщигъэлъэгъуащ. Уэрэд жиIащ, «Алий и гъыбзэр» зытхамрэ, ар щIаусамрэ яхутепсэлъыхьащ. ЦIыхухэм ямыщIыж адыгэ шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэди яхуигъэхьэзырат. А зэхьэзехуэм къыкIэлъыкIуэу, Москва телевиденэм къикIри, корреспонденту, журналисту цIыху тIощI Хурирэт адыгэ шхыныгъуэхэр зэрипщэфIым трахыну унэм щигъэхьэщIащ. Ар «Мир» телеканалым къыщагъэлъэгъуэжащ.

Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щырикъум жыджэру хэтащ Хурирэт. Къуажэ зэпеуэ щекIуэкIам, махъсымэ куэду яхуищIри нэхъыжьхэр игъэхъуахъуэурэ иригъэфащ.

Лъэпкъым, къуажэм, сыт хуэдэ зэIущIэ щекIуэкIами, Хурирэт хэмыту зыри зэфIэкIакъым. ЛэжьыгъэкIи зэи къикIуэтакъым, ар фIыуэ зэрилъагъум къыхэкIыу, и гуащIэдэкIри пщIэншэ хъуакъым.

Лэжьыгъэм хэзагъэр щIэныгъэми щыIэзэщ. Хурирэт, зэIусэм псэ хилъхьэу, сыт хуэдэ Iуэхури зэрызэфIигъэкIым гу къылъатэри, Зеикъуэ къуажэм и цIэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутату илъэсипщIкIэ щытащ. Куэдым сэбэп яхуэхъуащ, сабий бынунагъуэшхуэ, адэншэу къэнахэм щIапIэ къаригъэтащ. Зыпэрыхьэ сыт хуэдэ Iуэхури нэгъэсауэ зэфIэзыхыу щыта Къалмыкъ Хурирэт игъэзэщIа лэжьыгъэхэм хуэфэщэн пщIэи игъуэтыжащ. Илъэс хыщIкIэ псэемыблэжу зэрылэжьам къыхэкIыу «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ. Абы кърататащ щIыхь, щытхъу тхылъ зыбжанэ, саугъэтхэр дэщIыгъуу.

Къалмыкъ лъэпкъым дежкIэ набдзэщ Хурирэт хуэдэ нэхъыжьыфI щIалэгъуалэм щапхъэ яхуэхъуу уиIэну. И ныбжьым хуумыгъэфэщэну и Iуэху Iыхьэ ищIэжу ар нобэми дунейм тетщ.

АСЛЪЭН Каринэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Iуэхугъуэ куэдым топсэлъыхь

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимиррэ Бразилием и лIыщхьэ Лула да Силва Луис Инасиурэ телефонкIэ зэпсэлъащ. Апхуэдэ жэрдэмыр Бразилием къыбгъэдэкIащ.

КРЕМЛЫМ и пресс-IуэхущIапIэм къызэритымкIэ, къэрал унафэщIхэр тепсэлъыхьащ лъэныкъуитIым я сату-экономикэ зэдэлэжьэныгъэхэм адэкIэ зэрызрагъэужьынум и хэкIыпIэ нэхъыщхьэхэм, апхуэдэуи нэгъуэщI лъэныкъуэхэмкIи урысей-бразилие зэпыщIэныгъэр зэрырагъэфIэкIуэнухэри яубзыхуащ.

БРИКС-м и унафэщI къалэныр блэкIа илъэсым Урысейм ирихьэкIащ, мы гъэм ар и пщэ къыдохуэ Бразилием. Абы ипкъ иткIи, зэпсэлъэныгъэм къыщыхагъэщащ зэгухьэныгъэм и IуэхущIафэ нэхъыщхьэу щытынухэр.

Къэрал лIыщхьэхэр дунейр иджыпсту зэрыт щытыкIэм, Америкэм и къулыкъущIапIэхэм ягъуэт зэхъуэкIыныгъэхэм теухуа я еплъыкIэхэмкIи зэхъуэжащ. Апхуэдэуи украинэ зэныкъуэкъур зэтес щIыжыным епха упщIэхэр къаIэтащ.

Улахуэми пенсэми хэхъуэнущ

Урысей Федерацэм и Правительствэм УФ-м и Къэрал Думэм къыщихилъхьэнущ дзэм хэтахэм я пенсэхэм хэгъэхъуэным теухуа Iуэхур. Апхуэдэ хъыбарыр журналистхэм яжриIащ Урысейм и Къэрал Думэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI Картаполов Андрей. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, комитетым а Iуэхур диIыгъынущ икIи зэман кIэщIым къриубыдэу зыхуеину дэфтхэрхэр ягъэхьэзырынущ.

КЪЫЗЭРАГЪЭЛЪАГЪУЭМКIЭ, мы гъэм и щIышылэм ята пенсэм елъытауэ процентi 9,5-кIэ нэхъыбэ хъунущ. Къищынэмыщ Iауэ, къэрал бюджетым къызэрыхалъытамкIэ, 2025 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм щегъэжьауэ дзэм къулыкъу щызыщIэхэми я улахуэм процентi 4,5-кIэ хэхъуэнущ.

«Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и комитетым дзэм къулыкъу щызыщIэхэм я улахуэм, абы къыхэкIыжахэм я пенсэхэм хэгъэхъуэным теухуа унафэр егъэфIэкIуэным теухуа лэжьыгъэм адэкIи къыпищэнущ», - жиIащ Картаполов Андрей.

НОБЭ

♦ **Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ я дунейпсо махуэщ**

♦ **1863 гъэм** Урысейм унафэ къыщащтащ цIыхум судкIэ удын ебдзынуи, дамыгъэ тебдзэнуи хуит уимыщIу.

♦ **1943 гъэм** 6-нэ нэмыцэдзэм Сталинград деж зыщитащ. Ар Хэку зауэшхуэм советыдзэхэр щытекIуэным щIэдзапIэ хуэхъуауэ къалъытэ.

♦ **1951 гъэм** къалъхуащ Бесльэней къуажэм дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ, УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр, КъШР-м и цIыхубэ дохутыр **Къуэн Валентинэ**.

♦ **1954 гъэм** къалъхуащ УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, адыгэ щIыналъэм теухуа фильм зыбжанэ тезыха, жылагъуэ лэжьакIуэ **Нэгъаплъэ Аскэрбий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 – 10, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЖызыIэн мыукIытэр ищIэни укIытэркъым.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Адыгэхэмрэ къалмыкъхэмрэ

1644 гъэм и щIышылэм хуахь япэ къалмыкъ-къэбэрдей зауэзэрылIыр. Тхыдэджхэм я нэхъыбэм къызэралъытэмкIэ, ар иджыри нэгъэсауэ ямыджа блэкIам и напэкIуэцIщ. Нобэрей цIыхухэр нэхъ мамырщIэкъуу дыщыт пэтми, лъэпкъитIым я зэпыщIэныгъэхэр къызэрежьам урипльэжынкIэ мы зауэ цIыкIум хъыбар гъэщIэгъуэнхэр ехъумэ.

КЪАЛМЫКЪ хъанхэм ящыщу ди тхыдэм зи цIэр нэхъ къыхэщыр адыгэ малъхъэу щыта, зи гугъу тщIы лъэхъэнэм Тэрч (Терки – Ч. М.) быдапIэм и тету щыта Черкасскэхэ Муцал ипхъу Iэбухъан и щхьэгъусэ Аюкэщ. Нобэ зи гугъу тщIыну тхыдэ пычыгъуэр зэпхар абы и адэшхуэ Дайчин и адэ Хо-Урлюк цIэмкIэ тхыдэм къыхэнауэ, зи гъащIэр Къэбэрдейм щызыухарщ.

Пэжыр зы жьэкIэ къэIуэта зэрымыхъум къыхэкIыу, хъыбарыр езы къалмыкъхэм зэрыжаIэжымкIэ къыщIэддзэнщ. А Iэмалыр къыдет «Калмыкия-онлайн» интернет хэщIапIэм ит Михалинов Эрдни и тхыгъэм *(«Элистинский курьер», 2009 гъ.):*

«Сыт щыгъуи сакъ, бийм я къару псори зэпимылъытауэ зы лъэбакъуэ зыч зи мыхабзэ къалмыкъыпщ *(езыхэм я бзэмкIэ - «тайшэ» - Ч. М.)* Хо-Урлюк зауэлI мини 10 зыхэт дзэм и пашэу Кавказым зэрымыщIэкIэ къыщыхутащ. ЩIышылэм и 4-м къалмыкъыдзэр Индыл зэпрыкIри, ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ ежьащ. Зи щIалэгъуэ Даян-Эрки зи пашэ дзэм и зы Iыхьэм Тэрч быдапIэмкIэ иунэтIащ, къару нэхъыщхьэхэр Тэрчыпсым зэпрыкIри, Къэбэрдейм ихьащ. Ауэ къэбэрдейхэмрэ нэгъуейхэмрэ я къарухэр зэрагъэуIущ, зауэлI мин 37-рэ хъу дзэ зэрагъэпэщри, къалмыкъыдзэ бэлэрыгъар къуэм дагъэхьащ.

Арати, зауэлI мини 10 зи ужьым ит езым и къуэ Лэусэнрэ Даян-Эркирэ къэсыным пэмыплъэу, Хо-Урлюк зэуэну мурад ещI. Лъыгъажэ гуащIэм иужькIэ бгы зэхуакум къыдэкIыжыфар къалмыкъ мини 2 хуэдизщ. А зауэзэрылIым езы Хо-Урлюкрэ и къуитIымрэ – Гирейсанрэ Елденрэ -хэкIуэдащ. Я щхьэр абдежым щагъэтIылъащ Хо-Урлюк и къуэрылъхухэми: Гирейсан и къуэхэу Калту, Чокту, Архули сымэ, Дайчин и къуэ Сэрэмбай, Елден и къуэ Серенрэ Тугулрэ. Урыс дзэзешэ Волынский Михаил абдежым къыщыхъуар «Посольский приказ» пащтыхь IуэхущIапIэм щригъэхьыжым, итхырт: «Къэбэрдей, нэгъуей мырзэхэм я дзэхэр я гъусэу къалмыкъхэр зэтраукIащ. Къалмыкъхэм я унафэщIхэу Урлюк-тайшэ, абы и бынхэу Гирейсан-тайшэ, Иргентен-тайшэ, Желден-тайшэ сыми яукIащ, тайшаитI гъэру яубыдащ: Илгердей-тайшэрэ адрей зи цIэ сымыщIэжымрэ *(цIэхэм я тхыкIэр дэфтэрхэм мащIэу щызэщхьэщокI – Ч. М.)*. Къалмыкърэ етисану цIыху миным нэс гъэру яшащ. Ахэр зауэлI 10500-рэ хъууэ щытащ, арщхьэкIэ зэкIэрыхуарэ лъэсу Къэбэрдеймрэ Нэгъуей ЦIыкIумрэ икIыжар зауэлI зы минщ е тIущ. Я Iэщхэри яшхэри къэбэрдейхэмрэ Нэгъуей ЦIыкIумрэ трахащ».

Къэбэрдейхэмрэ нэгъуейхэмрэ щытыкIэ гугъум къезыгъэлар а лъэхъэнэм Терки къалэм и нэхъыжьу щыта Черкасский Муцалщ. «Къэбэрдейр курыт лIэщIыгъуэхэм» тхылъым мы Iуэхугъуэм нэхъ гурыIуэгъуэу щытопсэлъыхь ар зи IэдакъэщIэкI адыгэ тхыдэджхэу Мэлбахъуэ Борисрэ Елмэс Iэулдинрэ:

«1644 гъэм и пэм хъанышхуэ Хо-Урлюк зи пашэ, зауэлI 11500-рэ зыхэт къалмыкъыдзэр Къэбэрдеишхуэм теуащ. Терки къалэм къулыкъу щызыхь Черкасский Муцал и щыкъу щIалэ Щоджэнокъуэ Алыджыкъуэ деж лIыкIуэ иIуэхуащ къалмыкъыдзэр ятеуэну зэрыкIуэр жриIэну. Алыджыкъуэ и дамэгъухэр зэхуишэсыну хунэсащ. Къэбэрдейхэр, нэгъуейхэр, беслъэнейхэр, нэгъуэщI бгырыс лъэпкъхэр зыхэт дзэшхуэу Щоджэнокъуэр зи пашэр къалмыкъыдзэм пежьащ.

Къалмыкъхэр зэтраукIа нэужь, цIыху 11500-м щыщу къелар 1500-рэ е 2000 хуэдизщ. Хо-Урлюки абы и къуищри зауэм хэкIуэдащ. Къалмыкъ миным щIигъу гъэру яубыдащ адыгэхэм, абыхэм тепщэгъуэр къызылъыс пщыуэ тIу яхэтт. Черкасский Муцал щIэпхъуэжахэм якIэлъиутIыпщахэм къаубыда гъэрхэр къаумысати, къэбэрдейхэмрэ нэгъуейхэмрэ зэтраукIа нэужь, Терки къалэм теуэну мурад зэраIари къыщIэщащ».

«Къэбэрдеипщхэр зэкъуэту бийм зэрыпэщIэуваращ текIуэныгъэр къахуэзыхьар, - етх ищхьэкIэ зи цIэ къитIуа къалмыкъ къэхутакIуэ Михалиновым. – Черкасский Муцал зэрихьа лIыгъэр Мэзкуу дэс тепщэгъуэм хигъэкIуэдакъым. Ар иджыри 1636 гъэм ягъэуvауэ щытащ «Терки къалэм мыурысу дэс лъэпкъхэм я тепщэу», ауэ ар зэрыт дэфтэрыр къыщратыжар мы зи гугъу тщIы зауэзэрылIым и ужькIэщ, 1645 гъэм».

Абы лъандэрэ илъэс 380-рэ дэкIащ. Дауи, къалмыкъхэмрэ адыгэхэмрэ я зэхущытыкIэм зихъуэжурэщ тхыдэр къызэрекIуэкIар. Муцал ипхъу Iэбухъан Хо-Урлюк и къуэрылъхум и къуэм щхьэгъусэ зэрыхуэхъуари лъэпкъитIым мамыр хэкIыпIэ къызэрагъуэтам и щыхьэтщ. «А зэманым Аюкэ и япэ щхьэгъуситIыр дунейм ехыжакIэт, къэбэрдеипхъу Iэбухъан ещанэ щхьэгъусэ хуэхъуа нэужь, ар Астрахань иригъашэри, цIыхубзыр дунейм ехыжыху абы щыпсэуащ, зыхэпсэукIыну мылъкур Аюкэ Iэригъэхьэу», - дыкъыщоджэ Черкасскэхэ я лъэпкъ тхыдэм.

«Черкешенка» - дызыщымыгъуазэ газет

Дызэрыт зэманым хъыбарыщIэхэм дахуэпащIэу, къэхъуар псом япэ къэдмыщIэмэ, дызыхэкIыжынIауэ къытфIэщIу допсэу. Ауэ хуиту умыджа тхыдэм щIихъума телъыджэ гуэр къыщыкъуэкIыжым деж, ари хъыбарыщIэщ.

1906 ГЪЭМ Владикавказ «Черкешенка» и цIэу махуэ къэс газет къыщыдэкIыу щытащ. Архив хъумапIэхэм фIэкIа зи фIэщыгъэр щыдмыгъуэт къыдэкIыгъуэр дунейм зэрытетар зы илъэс закъуэщ. Япэ номериплIыр бадзэуэгъуэм и 17-м щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм и 20 пщIондэ къыдэкIащ. Адрей тхур шыщхьэуIум и 6-м щегъэжьауэ, шыщхьэуIум и 11 пщIондэ, псори зэхэту номерибгъу къудей. «Махуэ къэс Кавказ Ищхъэрэм къыщыдэкI политикэ-цIыхубэ газет» - апхуэдэу тетхащ къыдэкIыгъуэр зыхуэгъэпсар къыбгурызыгъаIуэ IуплъапIэм. IуплъапIэ жысIэщхьэкIэ, «Черкешенка»-м и теплъэр зэкIэ ди нэгум къыщIэувакъым. Нэхъ пасэу зи гугъу тщIа «Кабардинец» (1919 гъ.) газетым ещхьу, мыри парт щхьэхуэу щыта конституцэ демократхэм е кадетхэм къыдагъэкIыу щытауэ аращ. Редактор нэхъыщхьэу къыщыгъэлъэгъуар «Валаев Г. П.» цIэрщ. «Черкешенка»-м и пэ къихуэу «Кавказым и макъ» («Голос Кавказа») газетыр къыдэкIыу щытащ, и ужьым итыр – «Кавказым и джэрпэджэжырщ» («Эхо Кавказа»).

Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, мыбдежым «Черкешенка»-м кърагъэкIыр Кавказым щыщ бзылъхугъэщ, «черкес» цIэр къызэщIэубыдауэ псоми зэрыхуахьым къыхэкIыу. ЖытIэр пэжрэ пцIырэ къэтщIэн папщIэ, дауи, зи гугъу тщIы газетыр тлъагъупхъэщ.

ЗыхэдмыщIыкIым зымащIэкIэ щыгъуазэ дещI Ахмадулин Е. В. и лэжьыгъэу «Урысей ипщэм конституцэ демократхэм къыщыдагъэкIыу щытахэр (1905-1907 гъ. гъ.) тхыгъэм». ЩIэныгъэлIыр зэреплъымкIэ, кадетхэм Урысейр зэрыщыту газетхэмрэ журналхэмкIэ щIагъэнат, къэралым и ипщэ Iыхьэхэри хиубыдэу. Тэрч областым къыщыдэкI газет-журналхэм тетхыхькIэрэ, Ахмадулиным жеIэ: «Владикавказ къыщыдэкI «Казбек», «Терек» либерал-демократ къыдэкIыгъуэхэм ядэлажьэурэ, лъэпкъ, урыс интеллигенцэм щыщ кадетхэм езыхэм зы гуп къызэрагъэпэщащ газет къыдагъэкIыу. Япэу традзэн щIадзар «Кавказ Ищхъэрэм и гъащIэ» газетырщ. Грознэм, Петровск, Псыхуабэ, Нартсанэ (Кисловодск), Шэткъалэ (Ставрополь), Екатеринодар, Новороссийск, Хасаф-Юрт, Къызлар, Баку, Тифлис, Кутаиси, Мэзкуу, Бытырбыху къыщыхъу псоми тепсэлъыхьырт газетыщIэр. И къалэн нэхъыщхьэу игъэIур «ЛэжьакIуэбэм я гукъыдэжхэр къэгъэнэIуэнырт». ЕпщIанэ махуэм газетыр зэхуащIыжащ. Абы и ужь къиуващ «Кавказым и макъ» газетыр. Ари щызэхуащIыжым, «Черкешенка»-р къыдагъэкIын щIадзащ (Валаев Г. и редактору). Ар зэхуащIыжа нэужь – «Кавказым къиIукIхэр» къыдагъэкIын щIадзащ, абы «Кавказым и джэрпэджэжыр» и ужь къиуващ».

Зэрыфлъагъущи, дызытепсэлъыхь газетыр къыдэкIыу зэрыщытам и закъуэщ тщIэр. Ар мыкIуэдыжыпамэ, Владикавказ дэт музейхэм къыщыдгъуэтыфынкIи хъунущ, фIым дыщогугъ.

Зыми хэмыгъуащэ тхакIуэт Чеховыр

ЩIышылэм и 29-м урыс тхакIуэшхуэ Чехов Антон дунейм къызэрытехьэрэ илъэси 165-рэ ирикъуащ. Школым зи цIэ щызэхэпх цIыху цIэрыIуэхэм апхуэдизкIэ тхьэкIумэр йосэжри, балигъ гъащIэм ухыхьа нэужь, абыхэм ятеухуауэ умыщIэ щымыIэжым хуэдэу, дэгу уахуохъу. Ауэ щыхъукIэ, ныбжькIи зэхэщIыкIкIи къыпхуэщтэнур нэхъыбэщи, я махуэшхуэхэр щхьэусыгъуэ мэхъу сабиигъуэм пIэщIэкIар ирибгъэкъужыну.

ЯПЭ КЪЭСЫМ зи цIэ ищIэ, илъэсищэ бжыгъэ ипэкIэ псэуа тхакIуэм теухуауэ сыт гъэщIэгъуэну зэхэпхынкIи хъунур жыпIэщхьэкIэ, школ программэм абыхэм я гъащIэ гъуэгум ущигъэгъуазэ пэтми, ятхар къызэрыбгурыIуэн зэхэщIыкI къыщыпIэрыхьэр балигъ ухъуа нэужьщ. Абы хэлъхьэж политикэм и гуэгъу зэманым и шыбзэм пхымыкIхэр, тетхыхьахэм къафIэмыIуэхуахэмрэ къытрадзэну хуамыдахэмрэ. Ауэ щыхъукIэ, зыми ухимыгъэзыхьу, уигукIи уи псэкIи тхакIуэфIу къэплъытэр нэхъыбэм гугъуехьым къыпхыкIа цIыхушхуэу къыщIокIыж. Чехов Антони къызэрыпщыхъупхъэр апхуэдэущ. Си щхьэкIэ ар нэхъыфI дыдэу слъагъу тхакIуэхэм язщ. Чеховым и бзэм и шэрыуагъым и тIолъхуэныкъуэм хуэдэщ абы и акъыл зэгущымрэ зэи мыкIуэдыжыну цIыхугъэм и нэщэнэхэр гъащIэм къызэрыхилъагъукIыфымрэ.

Тхыдэ дерсхэм щыдджа «пщылIыгъэ щхьэхуимыт» («крепостное право») жыхуаIэу Урысейм 1861 гъэ пщIондэ щекIуэкIар Чеховым зэрепха щIыкIэри укъэзыгъэуIэбжьщ. Абы и адэшхуэ Егор «крепостной» пщылIу щытащ, иужькIэ, щхьэщэхужыпщIэ зэхуихьэсри, хуит зищIыжащ. «Си адэшхуэр Чертковым и пщылIу щытащ», - етх езы Чеховми. И адэ Павел фошыгъу къыщыщIагъэкI заводым лэжьэн щыщIидзэри, езым тыкуэн къызэIуихыжауэ щытащ. Аращи, Чеховыр сатуущIэ унагъуэм къыхэкIауэщ къызэралъытэр. Ауэ нэхъ укъэзыгъаскIэу тхакIуэм и гъащIэ гъуэгум трижыIыхьхэм ящыщщ ар щыцIыкIум яубэрэжьу зэрыщытар. Къуитхурэ зыпхъурэ зиIа Чехов Павел и ещанэ сабийт дохутыр IэщIагъэр зи плъапIэ нэхъыщхьэу къэтэджа тхакIуэр. Иджыри ныбжьыщIэу тхэн щIидза пэтми, абы и щхьэусыгъуэр унагъуэшхуэм зыхэпсэукIын ахъшэ зэрыхуримыкъурт. Дунейм тетыхукIи Чеховым и анэмрэ и шыпхъумрэ зыхуей хуигъэзэныр игъэнэхъапэу щытащ. ЩIалэ нэхъыжьищыр адэм и тыкуэным щигъэлажьэрт, цIыхухэр зыхуэныкъуэ хьэпшып цIыкIуфэкIуэхэр ящэу, гимназием къыщрат унэ лэжьыгъэри щащIыжыр арат. Нагъыщэ хуагъэувахэм уриплъэмэ, Чеховыр фIы дыдэу еджахэми ящыщакъым.

Сабиигъуэм и нэщэнэу тхакIуэм игу къинар члисэм зэчыр жыIакIуэ яшэу зэрыщытарщ. Зыгъэпсэхугъуэм чыристан махуэшхуэхэм хэтын хуейуэ, еджэгъуэри лэжьэгъуэри зэдихьу къызэрытэджарщ Чеховым «сыщысабийм сабиигъуэ сиIакъым» жезыгъэIар. И щхьэгъусэми и бынхэми зи Iэр ятехуэу щыта Чехов Павел а хьэлыр щызыхинар тхакIуэр илъэс 19 ирикъуа нэужьщ. Уи нэгум къыщIэбгъэхьэну гугъу щIалэр къызыхэтэджыкIа псэукIэр? Ар и тхыгъэхэм къыхэщын хуэдэуи, гъащIэм и гъурри цIынэри и фэкIэ зеригъэунэхуар IупщIщ.

Чехов-тхакIуэр дохутыру зэрыщытар Iуэхум щымыщыщэ хуэдэу куэдрэ къыпщохъу. Ауэ щыхъукIэ, пщылIыпIэм къикIа унагъуэм а зыращ IэщIагъэ зиIэу къахэкIар. Чеховыр дохутырыфIу, къуажэ псом сымаджэу дэсыр зэрихьэу, гъаблэ къыщыхъуа илъэсхэм тхьэмыщкIэхэм къахэмыкIыу лэжьащ. Илъэс 44-рэ фIэкIа мыпсэуа тхакIуэр гъащIэ кIэщIу къызэрыщIэкIар ар егъэлеяуэ гугъу ехьу Сахалин хытIыгум зэрыщыIам хуахь куэдым. Урысейм тезыр щызыхь щIэпхъаджащIэхэр здашэ щIыпIэм кIуэри, абы къритхыкIхэр газетхэм къытрадзэу щытащ, пащтыхьыгъуэр а щIыпIэм щыпсэухэм зэрахущытми фIыкIэ зэрызихъуэжар Чеховым и фIыгъэу ябж. ЗэрыжаIэмкIэ, Чеховщ Сахалин щыпсэу цIыхухэм я щхьэ бжыгъэр япэу къыхэзытхыкIар.

ТхьэмыщкIэхэм ядэIэпыкъуу, школхэр къызэIуихыу, библиотекэхэм тхылъхэр къахуищэхуу, тхакIуэ щIалэхэм я тхыгъэхэр пхигъэкIыу... Чеховыр цIыхуфIу зэрыщытар уи фIэщ ищIу, апхуэдэ щыхьэт куэд дыдэ къэнащ. И тхыгъэ нэхъыфIхэм уакъыфIэкIмэ, абы и цIыху щIыкIэр IупщIу къыхощ Iыхьлыхэм, ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, цIыхугъэхэм яхуитхахэм. Псом хуэмыдэу цIэрыIуэщ тхакIуэм и къуэш нэхъыжь Николай 1886 гъэм «цIыху гъэсакIэ узэджапхъэм» теухуауэ хуитхар. Абы щыщ пычыгъуэ зыбжанэ ди бзэм къидгъэзэгъащ:

«Ущызикъуэшкlэ, сэ фIы дыдэу укъызэрызгурыIуэм шэч къытумыхьэ, зэрысхузэфIэкIкIи сигу пщIогъу. Уи хьэлыфIхэри си Iэпхъуамбитхур зэрысцIыхум хуэдэу, фIы дыдэу соцIыху, мыхьэнэшхуэ изот, я хьэтыри солъагъу. Уи фIэщ мыхъумэ, къыпхуезбжэкIынщ фIыуэ пхэлъхэр. Уэ, си гугъэмкIэ, зызыхыфIэбдзэжу уцIыхуфIщ, гушхуэ пкIуэцIылъщ, ущхьэхуэфIкъым, зы кIэпIейкIэ фIэкIа къыпхуэмынами, къолъэIум ептынущ, угу къабзэщ, фыгъуи гужьгъэжьи пхэлъкъым, зыуи зыпщIыркъым, псэущхьэхэри цIыхухэри пфIэгуэныхь мэхъу, убзаджэкъым, упсэ хьэлэлщ… НэгъуэщI зыми бгъэдэмылъу, уэ къыплъыса фIыгъуэщ уи сурэтыщI Iэзагъыр. Абы адрей цIыху мелуанхэм уахеIэтыкI, дунейм зы сурэтыщIым хуэзэу цIыху къызэрыгуэкI мелуанитIым нэс тетщ. Хьэндыркъуакъуэу е бэджу ущытами, уи хьэтыр ялъагъунут цIыхухэм, итIани, зыгуэрым хуэIэзэм псори къыхуогъу.

Дагъуэу уэ бдэслъагъур зы закъуэщ. Ар егъэлеяуэ узэрыцIыху мыгъасэрщ. Къысхуэгъэгъу, ауэ «пэжыр ныбжьэгъугъэм нэхърэ нэхъ лъапIэщ». ГъащIэр, пщIэрэ, хабзэ гуэрым тетщ. ЦIыху гъэсахэм уащыхэтым деж гугъу уемыхьын, абыхэм уащыщу зыкъыпщыхъужын папщIэ, гъэсэныгъэ пхэлъын хуейщ. ЦIыху гъэсахэр, сэ сызэреплъымкIэ, зэрыщытыр мыпхуэдэущ:

1) Абыхэм цIыхум пщIэ хуащI, абы къыхэкIыу, сыт щыгъуи адрейхэм яхуэтэмакъкIыхьщ: щабэщ, гуапэщ, дэчыхрейщ...

2) ТхьэмыщкIэхэмрэ джэдухэмрэ я закъуэкъым абыхэм гущIэгъу зыхуащIыр. НэкIэ умылъагъу гуэрхэри ягу къоуэ. Псалъэм папщIэ, Пётр гуэр къэтщтэнщи, езыр зэрамылъагъум (е чэфу фIэкIа зэрамылъагъум) щхьэкIэ и адэ-анэр жэщым мыжейуэ я щхьэцыр зэрытхъур ищIэмэ, Пётр аркъэм елъэпэуэнурэ, икIэщIыпIэкIэ абыхэм я деж щIэпхъуэнущ. ЦIыху гъэсар гъуэлъу жеинукъым зыгуэр хуэныкъуэм дэIэпыкъун, еджапщIэ зимыIэ студентым сом хуишиин, е и анэм щитIэгъэн къыхуищэхун хуейуэ...

3) Абыхэм нэгъуэщIым и мылъкум пщIэ хуащI. Абы къыхэкIыу, щIыхуэхэр ятыж.

4) Ахэр гукъабзэщи, пцIым мафIэм хуэдэу щощтэ. Iуэху мыхьэнэншэм теухуауи пцIы яупсыркъым. ПцIым ар зыжраIэр егъэпуд, жызыIэм напэншафэ къытрегъауэ. ЦIыху гъэсахэм зызэфIашыркъым, цIыхум щахэткIи унэм зэрыщIэсым хуэдэу заIыгъщ, нэхъыщIэхэм зыгуэру зыкъыщагъэхъуну хэткъым. Ахэр псэлъэрейкъым, къемыупщIым зыпщIэхадзэу, я гум къизэрыхьахэр жьэхакIутэркъым. Адрейхэм я тхьэкIумэм щосхь цIыху гъэсахэр, аращи, нэхъыбэм щымщ.

5) Абыхэм гущIэгъу зыхурагъэщIын папщIэ, загъэпудыжыркъым. УзрагъэлIэлIэн, гулъытэ зыхуагъэщIын папщIэ, уи псэр ягъэгузавэркъым.

6) Ахэр мыхьэнэншагъым дихьэхыркъым. ЦIыху цIэрыIуэм зыкIэрыцIэлъыным хуэдэ цIуугъэнэ нэпцIхэм фэ ираплъыркъым. Талантышхуэ зыхэлъ цIыхухэр кIыфIым хэтщ нэхъыбэм, бэм яхогъуащэ, утыкум пэIэщIэщ... Крыловми жиIакъэ, чей нэщIым и макъыр зэрылъIам ейм нэхърэ нэхъ жыжьэ зэрыIур.

7) ЦIыху гъэсахэм Iэзагъ гуэр къыдалъхуауэ къащIэмэ, абы пщIэ хуащI. Абы и хьэтыркIэ я гупсэхугъуэри, зэхэзежэнри, фадэри, цIыхугъэ мыщхьэпэхэри IэщIыб ящI. Я талантым ирогушхуэ... Iумпэм ящIхэр щыIэщ.

8) Ахэр зыкIэлъоплъыж. Хуэпауэ жеифыркъым, блын зэхуакум къыдэпщ хьэпIацIэр ягу техуэркъым, хьэуа мыкъабзэм ирибэуэфыркъым, унэлъэгу зэрыубжьытхам къыщакIухьыфыркъым...».

Зэрыфлъагъущи, Чеховым и тхыгъэхэм гулъытэ щIахуэпщIын щхьэусыгъуэхэр иджыри куэд мэхъу.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ**.

Сом мелардипщIым щIигъу къагъэсэбэпащ

2024 гъэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыналъэ пэхуэщIэу 47-рэ щагъэзэщIащ. Абыхэм ящыщу 33-м псори зэхэту сом меларди 10-м щIигъу трагъэкIуэдащ. Мылъкур къыхэкIащ республикэмрэ къэралымрэ я бюджетхэм икIи абы и процент 99,95-р нэгъабэ зыхухаха унэтIыныгъэхэм къыщагъэсэбэпащ. Ар Кавказ Ищхъэрэми къэралми ику иту щыщыIэ бжыгъэхэм нэхърэ нэхъ лъагэщ.

НЭГЪАБЭ кърахьэжьа пэхуэщIэхэр щIыналъэм щагъэзащIэкIэрэ щIэуэ яухуащ е зэрагъэпэщыжащ щIыпIэ зэхуэмыдэу 70-м щIигъу. Псалъэм къыдэкIуэу, курыт еджапIэу 11, псори зэхэту ныбжьыщIэ 5980-рэ щIэхуэну, амбулаторэу 6 яухуащ, къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ. Зыхуей хуагъэзащ узыншагъэр хъумэным пыщIа IуэхущIапIэу 18.

КъиIщинэмыщIауэ, IэрыщI мыл зэрылъ, лъэрыжэкIэ къыщыбжыхь хъууэ, уардэунэ Налшык щаухуащ. Курыт еджапIэу 11-м я спорт залитIрэ топджэгу губгъуэу 9-рэ зэIузэпэщ ящIащ икIи ахэри зыхуей хуагъэзащ. Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр апхуэдэуи щрагъэкIуэкIащ автомобиль гъуэгум хыхьэ щIыпIэу 28-рэ, къуажэхэм щэнхабзэмкIэ я унэу щы.

Псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мини 7,8-рэ хъу псэупIэхэм щIэсахэр зэхагъэтIысыкIащ, цIыху 557-рэ унэщIэхэм ягъэIэпхъуащ. Фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIэрэ цIыхухэр куэду щызэхуэс щIыпIэу 65-рэ зэIузэпэщ ящIащ нэгъабэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Зи тхыдэкIи щIыуэпскIи узыIэпызышэ

Ди лъэпкъэгъухэр иджыпсту зытес щIыналъэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэжым тепсэукIыу зэрыщытамкIи, а щIыгум щыщу, лъэхъэнэ цIыкIум къриубыдэу, ди гъунэгъухэм лъагъэсар зыхуэдизымкIи а зэманым тетхыхьахэм къагъэна дэфтэрхэр щыхьэтщ.

АДЫГЭМ и лъэм хуиту зыщиукъуэдийуэ щыта щIыналъэхэм ящыщщ ди гъунэгъу Осетие Ищхъэрэ-Аланием и иджырей губгъуэ-сэтейхэри абы ищхьэжкIэ щыIэ щIыпIэу къуэщхьэ жьанэхэм я къыдэкIыпIэхэри. Дэфтэрхэм набдзэгубдзаплъэу хэплъэж дэтхэнэми и нэгу къыхущIэгъэувэжынущ ди лъэпкъым и къуажэ бжыгъэу а Iэхэлъахэм исар зыхуэдизри...

Псалъэм папщIэ, «къуэкIыпIэ» лъэпкъхэм я бзэр, щэнхабзэр джыным зэманышхуэ езыгъэхьа, щIэныгъэлI, академик Клапрот Генрих-Юлиус (1783–1835 гъэхэм псэуащ) Кавказым и щIыпIэ куэдым тIэунейрэ зэрыщыIам трихуа «Описание поездок по Кавказу и Грузии в 1807 и 1808 годах...» и IэдакъэщIэкIым дыкъыщоджэ: «Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм гъунэгъу ущыхуэхъу дыдэм деж ущрохьэлIэ пщыхэу Елмырзэхэрэ Бэрокъуэхэрэ я къуажэхэм. Абыхэм ящыщ зыр Хьэтагъ псым (Клапрот зэритхымкIэ «Хиттегипс», осетинхэм «Маймадаг» жыхуаIэрщ) бгъэдэсщ. Хьэтагъыпсыр Уардэ (Уэрдын, Клапрот зэритхымкIэ - «Ордан», осетинхэм «Ардон» жыхуаIэрщ) холъэдэж. КъыкIэлъыкIуэ къуажэр Пэгу псым (осетинхэр «Фиагдон»-кIэ зэджэрщ) деж щысщ...».

Дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIи, Кавказ зауэжьым ипэ къихуэу, Тэрч псым и ижьырабгъумкIэ щыIэ щIыгум иджырей осетин жылэхэу Дарг-Кохрэ (Дэркъуэхъурэ) Брутрэ я ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ лIакъуэлIэш Анзорхэ я къуажибгъу исыгъащ.

ИужькIэ, Къэбэрдейм и гъунапкъэхэм урысхэм гъунэгъу зыкъыщыхуащIым, Анзорхэ я IэмыщIэ илъа къуажэхэр къызэщIакъуэри, а зэманым нэхъ зылъэIэсыгъуейуэ къалъытэу щыта Лэскэн и тIуащIэм и кIыхьагъкIэ дагъэтIысхьат. АрщхьэкIэ, 1825 гъэм, Къэбэрдейм и щхьэхуитыныгъэр щыфIэкIуэдыпэм, Анзорхэ я лIакъуэм, къанэ щIагъуэ щымыIэу, я блыгущIэтхэр зэщIакъуэри, Псыжь адрыщIым нэмыщI, урысхэр иджыри зи тепщэ мыхъуа Шэшэнымрэ ДагъыстэнымкIэ яунэтIащ, а лъэныкъуэмкIэ къащыпэлъэщын я гугъэу.

Анзорхэ я жылэхэм ящыщу Къэбэрдейм къинахэм зыкъызэщIакъуэри, иджырей Анзорей, Лэскэн ЕтIуанэ, Хьэтуей жылэхэм зыдагъэзэгъауэ щытащ. Анзорхэ зэхэзехуэн абы иужькIи ящIащ. Урыс-Кавказ зауэжьым и кIэуххэм уэру къызэребла истамбылакIуэм и жьы щIыIэр зыщIихуахэм ящыщщ абыхэм я жылэхэу Къэбэрдейм къинауэ щыта тIэкIури. Хамэ къэрал икIыжа Анзорхэ я щIэблэм тIысыпIэ яхуэхъуа къуажэхэм ноби Тыркум ущрохьэлIэ. Апхуэдэщ Афшын къалэм пэгъунэгъуу Анзорей жылэри.

Лэскэн псыр къуэм къыщыдэунэхукIхэм деж сэмэгу лъэныкъуэмкIэ щыс къуажэм Октябрь революцэм ипэ къихуэу «Анзор Аслъэмырзэ и жылагъуэ»-кIэ еджэу щытащ. Дэ, зэкъуэшхэу Амиррэ сэрэ, дыкъыщыхъуа а «хьэблэмрэ» ди анэшыр зыщыщ Хьэтуейрэ зэрызэпэжыжьэ щыIэкъым: а къуажитIыр зыбгъэдэс къуршыпсхэр тафэм къыщытеуфэразэхэм деж щызэпэтлъытмэ, я зэхуаку дэлъыр километри 10 иримыкъущ.

СызэрыцIыкIурэ къуакIэбгыкIэхэми ныджэ-псыхъуэхэми сыдахьэх. Къуршыжьхэм сащыхуеплъэкIкIэ, «сынэсу, я джабэщIхэм къыщызущыхьащэрэт!» жысIэрт. КъинэмыщIауи, «мы мэзым уфIэкIмэ, адэкIэ сыт щыIэр», «мо къуэм удэкIмэ, сытым ухуэзэну?» упщIэхэмкIэ балигъхэм захуэзгъазэрт. Школым сыщыщIэса япэ класcхэм къыщегъэжьауэ, географ картэхэми сыдахьэхыу, ярытми тыншу сригъуазэу сыкъекIуэкIащ.

Сыщынэхъ щIалэхэм къыщыщIэдзауэ лъакъуэрыгъажэкIэ къэжыхьынри, пэсщI щымыIэм хуэдэу, фIыуэ слъагъурт.

ЩIыналъэм и зэхэлъыкIэм сызэрыдихьэхым гу лъитагъэнкIи хъунт, сщIэркъым, ауэ сызыщIэупщIэхэм гугъэпсэхуу пэгъуэкI къезытыжыфу щытари а лъэхъэнэм уэршэрэгъу пажэу сиIари ди адэм и анэ Марусэщ. Езым и дыщыр Къуэжьыкъуеипщэ (иджырей Жэмтхьэлэ къуажэ) дэс Сокъурхэт.

Зыщысплъыхьын, си нэгу зыщезгъэужьын фIэкIа нэгъуэщI Iуэху зезмыхуэу, Лэскэн псым и адрыщIым сызэрытебэкъуауэ щыта щIыкIэм иужькIэ сытепсэлъыхьыжынщ, си сабиигъуэм теухуа гукъэкIыжхэри абдежым къыщызэтезгъэувыIэнщи, жьанэ Iузэвыжьым Урыху къыщыдэкъуэлъыкIхэм деж лъакъуэрыгъажэкIэ сызэрыIушэсауэ щытам и хъыбарыр есшэжьэнщ.

Сытезыгъэгушхуар уэ къащIэ, ауэ сэ схузэфIэкIащ лъакъуэрыгъажэкIэ Налшык сыдэкIыу, япэ махуэм Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм сынэсын, ар зыдэс тIуащIэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ къыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым сыхуеужьэрэкIыу, километр 20 хуэдизкIэ «зыдэздзеин», абдежми сыкъыщымыувыIэу, гъуэгур здебгъунлъэкI ОсетиемкIэ есIуэнтIэкIын, Къэбэрдей-Балъкъэрым абдежхэм нэхъ къыщыпэгъунэгъу Ираф куейм и къуажащхьэ Шэгуолэ (Чикола) сыдыхьэн, аргуэрыжьу ипщэ лъэныкъуэ зысщIу, километр 22-рэ хуэдизкIэ сыдэжеин, абдеж дыдэм ущызыIущIэ жьанэм Урыху псышхуэр къыщыдэкъуэлъыкIхэм деж сыIушэсэн.

Абыхэм ящыщу мызыгъуэгукIэ зи гугъу сщIыну сызыхуейр, Анзор Аслъэмырзэ и жылэр (Лэскэн ЕтIуанэр) зыдэс къуэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ лъакъуэрыгъажэкIэ сыдэжейуэ, Ерокъуи Хъуикъуажи (осетинхэр зыдэс нобэрей Лэскэн Езанэ къуажэм апхуэдэущ зэреджэу щытыгъар) саблэкIыу, псыхъуэм къыщхьэщыт шытх мащIэм сызэрыкIэрыхьауэ щытарщ.

А лъэхъэнэм къэкIухьыныгу сыхъуати, си зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм ирезгъэхьэлIэри, лъакъуэрыгъажэр къэзгъэIэгъуащ. Абы сытетIысхьэщ, къалэм сыдэкIри, Ростов - Баку федеральнэ гъуэгу нэхъыщхьэм сытехьащ. Сыхьэт зытIущым къриубыдэу Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм сынэсащ.

Лъакъуэрыгъажэ сытесрэ щIыуэпсырыхыхьэу а махуэм скIуа гъуэгуанэм арэзы сытехъуэ хъуну къыщIэкIынти, сыщалъхуа къуажэм сызэрыдыхьэу, си лъэр абдежым «щыслъэхъащ», си благъэхэми а пщыхьэщхьэм сабгъэдэсащ. Абы щыгъуэ ди анэшхуэу фIыщэу дыкъэзылъагъумрэ абы къыбгъэдэс ди адэ къуэш Щэлыуатрэ иджыри псэут.

Дызэдэуэршэру, ерыскъы IэфIыми дыпыдзакъыкIыу дыздэщысым, сыфIэлIыкIыпэурэ анэшхуэм есIуэкIащ Налшык сыкъызэрикIа «гъущIышым» нэхущхэм деж сышэсыжу, къуажэр зыIус псыр къыщежьэ лъэныкъуэмкIэ дэзгъэзеину сызэримурадыр.

Пщэдджыжьым зизымылъэфыхьу сыкъыдэкIащ. СакъызэрыхэкIыр фIэмыфIыщэми, си анэшхуэм сыт ищIэнт: унагъуэм ис адрейхэм япэ сригъэщри, сигъэшхащ, сыщыдэкIми гъуэмылэ къысIэщIилъхьащ.

МахуэщIэм къыдэунэхуа гъуэгуанэм и щIэдзэкIэ хъуари гъэщIэгъуэнщ: нэ лей зытезмыгъаплъэмэ нэхъ къасщтэу, «гъущIышыр» си Iэдэжрэ къызыфIэзмыгъэIуэху щIыкIэу, уэрам бгъунж цIыкIумкIэ хуэм-хуэмурэ Лэскэн ныджэм сыдыхьащ.

«Къуажэр къызэщIэмыушэ щIыкIэ» жысIэри, нэхъ жыжьэ сызэрыIукIыным сыхущIэкъуащ. Сызэрыжейбащхъуэр абы къыхыхьэжри, япэу сызыблэкIа къуажэхэмрэ абыхэм я Iэгъуэблагъэмрэ щIагъуэу зыщысплъыхьатэкъым. Ди жылэм и гъунэгъу Ерокъуэрэ абы ищхьэжкIэ щыIэ Лэскэн Езанэ осетин къуажэмрэ, лъакъуэрыгъажэ ес цIыкIум сытесу, нэхъ псынщIэу сазэрыпхыкIыным яужь ситащ. АтIэми, нэхъ гукъинэж сщыхъуахэм щыщIадзар гъуэгу нэхъыщхьэр, Лэскэн псыхъуэм зыкъыдигъэзыкIыу, шытх цIыкIум кIэрыхьа иужькIэщ...

КЪУМАХУЭ Аслъэн.



• Гъуазджэ

МэчрэIил и IэрыкI телъыджэхэр

«И Iэпэм дыщэр къыпощ» зыхужаIэ цIыху IэпщIэлъапщIэхэм яхузэфIэкIыр плъэгъуа иужь, плъэмыкIыу уохъуапсэ, уогушхуэ, я IэщIагъэм и щэхур къэптIэщIынуи ухуожьэ. Куэдым яцIыху, нэхъыбэжым я нэIуасэкъым мы тхыгъэ кIэщIым зи гугъу щыфхуэсщIыну Мэржэхъу МэчрэIил. Дзэлыкъуэ куейм къыщалъхуа, къыщыхъуа щIалэм иджыпсту Налшыкщ и псэупIэр. «Рембыттехника» IуэхущIапIэм и тхьэмадэу, ди республикэм и дыщэкI лъэщапIэм и унафэщIу щытащ ар. Дэнэ щыIами, сыт хуэдэ къулыкъу пэрытами, МэчрэIил гъуазджэр зэи IэщIыб ищIакъым, щыщхьэхуит зэманыр зытригъэкIуадэ IуэхущIафэхэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ ихъуэжа мыхъумэ.

- СЫТ ЩЫГЪУИ IэпщIэлъапщIагъэр сфIэфIщ. КъызэрыщIэздзар цIыхухъу бгырыпхщ, итIанэ хьэзыр сщIыуэ сыхуежьащ, жеIэ МэчрэIил. - ИужькIэ шы Iэпслъэпс щIыным зестащ, цIыхубз бгъэIулъи бгырыпхи дыжьыным къыхэсщIыкIащ. Иужьрей зэманым хуабжьу сыдихьэхащ арджэн щIыным. Абы и щэхухэр сэзыгъэщIар си хъыджэбз нэхъыщIэм деджа арджэныщI Iэзэ Мэзло Русланщ. Ар фIыуэ сцIыхурт, арджэн щIыкIэ зэзгъэщIэну сызэрыхуейр, ауэ зэращIи къызыхащIыкIи сызэримыIэр щыжесIэм: «Уэлэхьи, уэзгъэлъагъунмэ, си деж къакIуэ», - къызжиIэри сыкIуащ, сигъэлъэгъуащ. Арщхьэкlэ IэщIагъэм и щэхур къэзубыдакъым. Ауэ си мурадым псэхупIэ къызитыртэкъым. Унэм сыкъэкIуэжри, станокыр сщIащ, Iуданэ тесшыхьащ, арщхьэкIэ къамылыр зэрыдэбукIэр схузэкIуэртэкъым. Руслан деж сыпсалъэу си гуныкъуэгъуэр щыжесIэм: «Ар бжыгъэ «8»-м хуэдэу пщIащи аращ, хьэрф «О»-м хуэдэу зэгъэзэхуэжыт», - къызжиIащ.

2018 гъэм щIидзащ МэчрэIил арджэн ищIын. «Япэу сщIам иджыпсту соплъыжри согуфIэ, ауэ зыгуэрым ебгъэлъагъун хуэдэтэкъым (мэдыхьэшх). ЕтIуанэ арджэныр щIышылэм и 15-м 2019 гъэм сщIащ, ди лъэпкъ дамыгъэр тету. Мис ар езгъэлъэгъуат Руслан, мыIейуэ къызэхъулIауи жиIащ. АдэкIэ нэхъыфI хъуурэ екIуэкIащ».

Ди псэлъэгъум Мэзло Руслан фIыщIэу хуищIымкIэ зигъэнщIыркъым. Станокри къамылри къыхуишэщ, зыбгъэдигъэтIысхьэри гупсэхуу арджэн щIыкIэр иригъэлъэгъуащ. ИтIанэщ тегушхуауэ, Iуэхум нэхъ хуэIэрыхуэу ищIын щыщIидзар. Руслан къыхигъэщат иужь зэманым и IэщIагъэм хуигъэсэну къелъэIуахэм МэчрэIил нэхърэ нэхъ псынщIэу ар къэзыпхъуэта зэрахэмытар. Абы къегъэлъагъуэ, хуей закъуэмэ, ерыщыгъэ мащIэри щIыгъужмэ, цIыхум хузэфIэмыкIын зэрыщымыIэр.

- Къамылыр къызох (си ныбжьым ар тыншкъым), согъэхьэзыр, - къыджеIэ МэчрэIил. - Илъэситху-хыкIэ срикъунщ жыхуэсIар зы илъэси срикъуакъым. Iуэху гуэр щхьэкIэ сежьэн хуейти, абы ипэ къиихуэу зыкъом пкIэунэм ислъхьэри згъэгъуащ. Сызэрылэжьэн сыщиIэм и деж си гур мэзагъэ.

Арджэн щIын зэрыщIидзэрэ лэжьыгъэищэм нэс и Iэдакъэ къыщIэкIащ Мэржэхъум. Абыхэм ящыщ куэд музейхэм ящэхуащ, гъунэгъу республикэхэм, уеблэмэ Украинэм и зы къуажэ нэсащ. IэрыкIхэр зыIэрызыгъэхьахэм ящыщщ Тыркум щыпсэу адыгэхэр, Нью-Йорк дэт Адыгэ Хасэм зыбгъупщI ищэхуащ, ди лъэпкъэгъу артистхэм яхэтщ МэчрэIил и арджэнхэр я унэ зэрыщахъумэмкIэ зызыгъэщIэгъуэфынухэр. ХищыкI яхэтми, нэхъыбэр яхуегуэш IэпщIэлъапщIэм, адыгэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ IэщIагъэ дахэм псэ тыншыгъуэ къазэрырит къудейм щыгуфIыкIыу.

- Шы Iэпслъэпс щIыным сыкъыщыдэхуэ зэманыр зэрыщыту зэстыр арджэн щIынращ. Си лэжьыгъэ ЮНЕСКО-м езгъэхьащ, псоми яйуэ къыщIрагъэдзыну хэт уанэр адыгэхэм зэрейр езгъэтхащ (патент), - къызжеIэ си псэлъэгъум. - Къыхэзгъэщынщи, сызэрылажьэ Iэмэпсымэхэр псори къэсщэхуауэ щытащ щысхузэфIэкIым. ЛъапIэ дыдэщ ахэр, иджыпсту упэлъэщыххэнтэкъым. ЖыпIэнурамэ, IэпэIэсагъэм сыкъыхуигъэщIащи, зи ужь сихьэ Iуэхур зэзгъэхъулIэфын хуэдэу зэфIэкI сиIэщ.

«А IуэхугъуитIым дэтхэнэм нэхъ удихьэхрэ, сыт нэхъ гугъуу хэлъ?» - жысIэу си псэлъэгъум сыщеупщIкIэ, занщIэу жэуапыр пеупщI: «Узэрылэжьэну къамылыр бгъэхьэзырынырщ».

- ГъукIэ Замудини куэд сигъэщIащ сэ, абы и фIыгъэкIэ зы станок къэзгупсысащ ущысу улажьэ хъууэ, джэрэзу. Зы кIапэфI пщIа иужь къеплъэфэхыурэ къыпыпщэу. Сэращ япэ дыдэу метрищ зи кIыхьагъ арджэн зыщIар. А лэжьыгъэр зэрысщIар а станокырщ. Адрейр лъагэщи зыгуэрым утеувэурэ удэIэбеин хуей мэхъу, апхуэдиз зи инагъи ирипхуэщIынукъым, - жеIэ МэчрэIил. - Сэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ ГъукIэ Замудин, Мазло Руслан, Мэстафэ Вячеслав сымэ зэи узыкIэлъымысыну IэпщIэлъапщIэу зэрыщытхэр. Ауэ схузэфIэкI къэзгъэнэнукъым си IэщIагъэм хэзгъэхъуэн, си IэдакъэщIэкIхэр езгъэфIэкIуэн папщIэ.

Зы IэпэIэсагъэ гуэрым дихьэха, ар фIыуэ зэзыгъэхъулIа цIыхум зыгуэр щигъасэм и деж гуапэщ. «Уигу илъ, пхузэфIэкIыну укъигъэгугъэрэ цIыхухэм яIэщIэхужу тIэкIу къыдахыж хуэдэу хъуа арджэныщI IэщIагъэм зыгуэр хуэбгъэсэну?» - жысIэу сыщеупщIкIэ, узыщыгуфIыкIынщ и жэуапыр. «IэщIагъэм куэд хуэзгъэсакIэщ, иджыри къызбгъэдыхьауэ зы цIыху згъэщIэхъунукъым. Кэнжэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм зы хъыджэбз цIыкIу никIри езгъэлъэгъуати, занщIэу ипхъуэтащ. ИщIырт абы арджэн, ауэ сэ зэрезгъэщIар нэхъ зэхэщIыкIыгъуэу къыщыхъуащ. НэгъуэщI зы щIали лэжьыгъэм кIэлъызгъэплъати, иджы хъарзынэу къохъулIэ».

МэчрэIил фIыщIэ яхуещI езымрэ и къуэшымрэ ягъэлэжьа «Рембыттехника»-м и пщIантIэр къэзыщэхужа щIалэхэм. «Абы дэт гуэщ пэшышхуэр «ухуеиху къэгъэсэбэп, ахъши къыпIытхынукъым, цIыху бгъасэмэ, сэбэп лъэпкъым ухуэхъумэ абы фIэкIа» жаIэри хуит къысхуащIауэ сыщолажьэри, Тхьэр арэзы къахухъу».

Зи гугъу тщIа псом къыдэкIуэу, МэчрэIил тхылъ етх, лъэпкъым, адыгагъэм теухуауэ. КъызыхэкIар зыгъэлъапIэ, абы и фIыр зыIэт, и зыужьыныгъэм хузэфIэкI хэзылъхьэ адыгэлIыр сыт и лъэныкъуэкIи ехъулIэну ди гуапэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

БИТОКЪУ Тимур:

• Футбол

Ди къалэнхэр дымыгъэзащIэу зыми къытхуидэнукъым

«Спартак-Налшыкым» гъэ джэгугъуэщIэм зэрызыхуигъэхьэзырымрэ къыпэщылъ къалэнхэмрэ иджыблагъэ тепсэлъыхьащ командэм и тренер нэхъыщхьэ Битокъу Тимур.

- МЫГЪЭРЕЙ япэ зыгъэсэныгъэ зэхуэсым щIимыдзэ щIыкIэ футболистхэм къалэн зырызыххэ яхуэзгъэуват, щхьэж къылъысыр игъэзэщIэнуи, щIалэхэр тэмэму Iуэхум бгъэдыхьащ, - жиIащ тренерым.

Зыгъэсэныгъэ зэхуэсхэм щIадзэн ипэ къиихуэу, иужьрей илъэсищым хабзэ зэрыхъуащи, футболистхэм зы махуэ дагъэкIрэ етIуанэм топджэгу губгъуэм йохьэ. Абы и щхьэусыгъуэр ахэр хуэм-хуэмурэ топ джэгуным къыхэшэжынырщ, зэуэ фэбжь ямыгъуэтын папщIэ. Командэм къапэщылъа лэжьыгъэр къанэ щымыIэу зэфIагъэкIащ икIи зэхуэсым хуэхьэзырщ.

Иджыпсту топджэгухэм махуэм къриубыдэу тIэу загъасэ. Зэхуэсым и зэхэлъыкIэмрэ ар зэрырагъэкIуэкI щIыкIэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. Абы теухуауэ Битокъум жиIащ, футболымкIэ чемпионатым и лигэ нэхъыщхьэхэм щыджэгу клубхэм я тренерхэм ар щIэх-щIэхыурэ зэречэнджэщыр, абыхэм ятещIыхьауэ лэжьыгъэр зэрызэтриухуэр. «Деплъынщ абы кърикIуэнухэм», - жеIэ тренерым.

Командэм и япэ зыгъэсэныгъэ зэIущIэр щIышылэм и 24-м екIуэкIащ икIи а махуэм ди щIалэхэр ядэджэгуащ Ингушым и «Ангушт»-м. ЗэIущIэр зэрытемыгъэкIуауэ, бжыгъэр 2:2-уэ, иухащ. Ди щIалэхэм ящыщу къыхэжаныкIар Блий Елдаррэ ЛIуп Ислъамрэщ. ЗэIущIэр щекIуэкIар Налшык и стадионырщ.

Ди «Спартак»-м адэкIэ къызэрапщытэ зэIущIитI иригъэкIуэкIын мурад иIэщ. ЯпэщIыкIэ, мазаем и 4-м, ар хуэзэн хуейщ «Агросоюз»-м. ЗэIущIэр щекIуэкIынур Минводы къалэрщ. ИужькIэ, мазаем и 10-м, ди щIалэхэм къапэплъэнущ Псыхуабэ и «Мэшыкъуэр». ЗыгуэркIэ Iэмал яIэ хъумэ, ещанэу зы зэIущIи ирагъэкIуэкIынущ, ауэ хэт дэджэгунуми иджыпстукIэ наIуэкъым.

«Спартак»-м хэкIыжа топджэгухэм я гугъу щищIым Битокъум жиIащ Лелюкаевыр, Далиев Дауд, Жангуразовыр, Мэкъуауэр, Ашуевыр, Нарщауэр, Топурие сымэ нэгъуэщI командэхэм зэрыкIуар е зыхыхьэн къызэралъыхъуэр. Хъыбар зэрыщыIэмкIэ, Молэмусэри нэгъуэщI гупым кIуэнкIэ хъунущ.

«Языныкъуэхэм клубым ярищIылIа зэгурыIуэныгъэхэм пищэжакъым, языныкъуэхэри езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ нэгъуэщI командэхэм кIуащ, ахъшэ и лъэныкъуэкIэ абыхэм къыщыхуагъэлъэгъуар зэрынэхъыфIым къыхэкIыу. Хэти нэхъ ищхьэIуэкIэ щыIэ лигэхэм я клубхэм хыхьэн мурадхэр яIэщ.

Псалъэм папщIэ, Далиевыр. Абырэ дэрэ дызэгурыIуауэ щытащ дызэхэт лигэм щыджэгу командэхэм ар хэмыхьэну. Иджырей зыгъэсэныгъэ зэхуэсым щIадзэным махуитI фIэкIа къэмынэжауэ ар лигэ ищхьэм щыджэгу клуб гуэрым иригъэблэгъащ. Дауд къакIуэри, Iуэхухэм дытепсэлъыхьащ, иужькIи дызэхуэарэзыуэ дызэбгъэдэкIыжащ. Дауэ хъуми, ди зэгурыIуэныгъэхэр и кIэм нэсат, командэ нэхъ лъэщ щыджэгуну, и зэфIэкIыр здынэсыр зригъэщIэну езыри хуейт, ар къыдгурыIуэу дыпэрыуакъым. ЗэрыжаIэу, Iуэхум хэгъэзыхь хэтакъым.

Мыр футболщ икIи абы дыхуэхьэзыру щытащ. Иджыпсту къэпщытэныгъэхэр идогъэкIуэкI, командэм хэкIыжахэм я пIэкIэ къыхэтшэнухэм дахоплъэ. Дэ иджыпсту ди къалэн нэхъыщхьэр ипэкIэ дыкIуэтэну, ди зэфIэкIхэм хэдгъэхъуэну араци, ар зэрызэдгъэхъулIэным дыхущIэкъунущ», - жиIащ Битокъу Тимур.

Мы гъэм «Спартак»-м къыхыхьа топджэгухэм ящыщщ иужьрей илъэсищым «Биолог-Новокубанск»-м щыджэгуа, илъэс 23-рэ зи ныбжь Пириев Магомед. А клубым и капитануи щытащ ар. «ЩIалэм и зэфIэкIым илъэс къэс хигъахъуэ зэпытщ икIи согугъэ ди командэм ар сэбэп къыхуэхъуну», - къыхигъэщащ тренер нэхъыщхьэм.

Битокъум щхьэтечу жиIакъым сыт хуэдэ увыпIэхэр топджэгу губгъуэм щыгъэбыдэн хуейуэ мы гъэм командэм къыпэщылъми, ауэ къыхигъэщащ, футболистыфI къаIэрыхьэмэ, ар командэм къыхэша зэрыхъуным зэрыхущIэкъунур, ди деж щыджэгуну езыр хуейуэ щытмэ.

ИщхьэIуэкIэ зи гугъу щытщIа футболистхэм нэмыщI, командэм хэкIыжын гугъу нэгъуэщI зыми ищIакъым. «Абыхэм псоми, зытIущ фIэкIа къэмынэу, клубым зэгурыIуэныгъэхэр иджыблагъэ иращIылIащ, дызыкIэлъыплъу ди деж щыIэхэр хэмыту. Ауэ, дауэ хъуми, топджэгущIэхэр командэ къыхыхьэну дыпоплъэ», - жеIэ Битокъум.

Мы гъэм чемпионатым щыщIидзэну махуэр иджыри яубзыхуакъым, ауэ, зэрыхуагъэфащэмкIэ, гъатхэпэм и 15 - 22-хэм къриубыдэн хуейщ ар. Нэгъабэ дызыхэта гупым щыджэгуа «Алание-2»-р, Каменск-Шахтинск и «Строитель»-р, «Биолог»-р хэкIыжахэщ, я Iуэхухэр зэрыхуэмыкIуэм къыхэкIыу. Псалъэмакъхэр щыIэщ «Сочи»-мрэ Волгоград и «Ротор»-мрэ я командэ етIуанэхэр дызыхэт лигэм къыхыхьэн хуэдэу, ауэ абы и пэжыпIэр зэкIэ наIуэкъым.

Командэм и тренер нэхъыщхьэм жеIэ клубым и унафэщIу Заруцкий Александр къызэрагъакIуэрэ Iуэхум фIы и лъэныкъуэкIэ зэрызихъуэжар, зэхущытыкIэхэр нэхъыфI зэрыхъуар икIи щогугъ командэр нэхъыфIу мы гъэм джэгуну, футболеплъхэри я текIуэныгъэхэмкIэ нэхъыбэрэ ягъэгуфIэну. «ЛъэкI къэдгъэнэнукъым, нэгъабэ нэхърэ нэхъыфIу мы гъэм зыкъэдгъэлъэгъуэн папщIэ», - къиигъэщащ Битокъум.

Командэм къыпэщылъ къалэнхэм щытепсэлъыхьым абы жиIащ, псом япэу - ар дэтхэнэ зы зэIущIэми щытекIуэныр, апхуэдэ мурадхэр яIэу топджэгухэр губгъуэм къишэныр зэрынэхъапэр.

«Къалэн къытпэщылъхэр псори къатщтэмэ, сэ сызэреплъымкIэ, ахэр гугъунущ. Дызэхэт гупым командэ дапщэ щыджэгунуми куэд елъытауэ щытынущ. Ауэ, нэгъабэ хуэдэу 13-нэ увыпIэм нэхърэ нэхъ лъагэу зыдмыIэту щытмэ, дызэфбграгъэкIыжынущ. Апхуэдэу хъумэ, абы нэдмыгъэсу, фи фIэщ фщIы, дэ езыр дызэрытекIуэтынур. Нэгъабэрей чемпионатым иужькIэ Iэджэми сыхуэхьэзыру щытащ, тренер нэхъыщхьэу сыкъагъэнэнми сыщыгугъакъым. Ауэ иджыри зы Iэмал къызатыжащи, ар къэзгъэсэбэпынущ командэр ипэкIэ згъэкIуэтэнымкIэ. Дауэ хъуми, я къалэнхэр ямыгъэзащIэу мыбы зыри щагъэлэжьэнукъым. Псори зыхуэунэтIауэ щытынур командэм и Iуэхум фIы и лъэныкъуэкIэ зегъэхъуэжынырщ», - жиIащ Битокъу Тимур.

Зытхыжар **ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.**

• Футбол

ЩIымахуэ шылэми мыужьых зэпеуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ и щIымахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу зэIущIэхэр зэхэтащ. Илъэс блэкIам республикэм и гъэмахуэ чемпион хъуа Псынэдахэ и «Родник»-р мы зэпеуэми къызэрыщимыкIуэтщ - зыми хухэмыгъащIэу, джэгугъуипщIым текIуэныгъэу бгъу къыщихьауэ, япэ увыпIэм зэрыщытщ.

ИПЭХЭМИ хуэдэу, Алътуд и «Искра» командэри и зэфIэкIкIэ гупым къахощ - зэIущIитIкIэ нэхъ мащIэ джэгуами, зэрыетIуанэщ, фIэкIуэда очкоищымкIэщ Псынэдахэм къазэрыкIэрыхур.

УвыпIищкIэ дэкIуэтейри, ещанэ хъуащ «Сады Баксана» командэр. Ари бгъэщIагъуэ хъунукъым. Сыту жыпIэмэ, хабзэ хъуауэ, мы къалэр зи зэфIэкIыр лъагэ футболистхэмрэ командэрэ щыщIакъым.

Футболым къигъэув хабзэр, ипэ зэманхэм елъытауэ, къызэпызыудхэр хэпщIыкIыу мащIэ зэрыхъуар ди гуапэу къыхэдгъэщырти, апхуэдэ мыхъумыщIагъэ къыщыхъуащ «Псыгуэнсумрэ» «Зэрэгъыжымрэ» я зэIущIэм. Джэгур и кIэм нэмысу къызэтрагъэувыIэн хуей хъуащ. Иджы ар зэпкърызыхыу, унафэ тезыщIыхьынур, щхьэж къилэжь тезырыр тезылъхьэнур зи пщэ дэлъ комиссэрщ. Абы къищтэ унафэм иужькIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ.

«Малка»-мрэ «Искра»-мрэ я зэIущIэр ягъэIэпхъуэн хуей хъуащи, щызэхэтыну махуэр нэхъ иужькIэ зэхагъэкIынущ.

Республикэм и гуп нэхъыщхьэм щыпашэ Псынэдахэ и «Родник»-р мы зэхьэзэхуэми чемпион щыхъуну гугъэ уегъэщI. Футболым дихьэххэм тIэкIу депIэщIэкIыу къэзылъытэни къахэкIынщ, ауэ апхуэдэ гупсысэм дыхуэзышэр нобэкIэ а гупым ядэтлъагъу джэгукIэрщ.

ДызэрыщыгъуазэщI, футболым зыми имыгугъа телъыджэ мымащIи къыщохъу, икIи Алътуд и «Искра»-м и зэфIэкIыр къэплъытэмэ, пщIэну щыткъым, пашэхэм лъэпощхьэпо яхуэхъуфынри хэлъщ.

Ипэхэми хуэдэу, джэгукIэ дахэ къагъэлъагъуэ Зеикъуэ и «Шагъдий», Бабугент и «Логоваз», Налшык и «ГоpИс» командэхэм. ЗэкIэ текIуэныгъэкIэ зи дэщIакIуэхэр зымыгъэгуфIэфар, пщIэнейрэ хагъэнауэ, кIэух увыпIэм щытыр Къэрэгъэш и «Инал» командэрщ.

ЦIыху куэд дэзыхьэх футболым димыгугъа телъыджэхэр хэдмылъагъуэмэ, дауи, зэшыгъуэ хъунущ, дэщIакIуэхэм я бжыгъэри игъэмэщIэнущ. Аращи, дыщыгугъынщ гъэщIэгъуэн тщыхъун Iуэхугъуэ мымащIэ щIымахуэ зэхьэзэхуэм щытлъагъунур ди япэкIэу.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ иужьрей джэгугъуэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: **«Шагъдий» (Зеикъуэ) - «Родник» (Псынэдахэ) - 0:3, «Мурбек ФШ Налшык» - «Сады Баксана» - 0:1, «Логоваз» (Бабугент) - «Спартак-Д» (Налшык) - 2:2, «Урыху» - «Инал» (Къэрэгъэш) - 4:0, «ГоpИс» (Налшык)» - «Ислъэмей» - 0:1.**

Зи чэзу зэIущIэхэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щIымахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	**10**	**9**	**1**	**0**	**37 - 5**	**28**
2. «Искра	**8**	**6**	**1**	**1**	**22 - 4**	**19**
3. «Сады Баксана»	**10**	**6**	**0**	**4**	**17 - 17**	**18**
4. «Шагъдий»	10	5	2	3	17 - 13	17
5. «Логоваз»	10	5	2	3	19 - 20	17
6. «ГорИс»	10	5	2	3	21 - 19	17
7. «Ислъэмей»	10	5	1	4	19 - 19	16
8. «Малка»	9	4	2	3	18 - 13	14
9. «Мурбек ФШ»	9	3	4	2	15 - 13	13
10. «Спартак-Д»	10	2	4	4	16 - 22	10
11. «Урыху»	10	2	1	7	11 - 20	7
12. «Псыгуэнсу»	9	2	1	6	10 - 17	7
13. «Зэрэгъыж»	9	2	1	6	11 - 24	7
14. «Инал»	**10**	**0**	**0**	**10**	**10 - 37**	**0**

• КъБР-м щыIэ МВД-м

Мин 600-м щIигъу

Урысей МВД-м Шэджэм районым щиIэ къудамэм щIышылэм и 27-м зыхуигъэзащ илъэс 68-рэ зи ныбжь, щIыпIэм щыпсэу цIыхубзым. ЗэрыжиIамкIэ, гъэпцIакIуэхэм дзыхь зыхурагъэщIри, абы сом 667 800-рэ яхуиутIыпщащ.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, пенсионерым деж къэпсэлъащ газ IэнатIэм и лэжьакIуэу къыжезыIа имыцIыхур икIи хъыбар къригъэщIащ абы и газ счетчикыр пщIэншэу хуахъуэжыну зэрыхуитыр. Къэпсэлъам цIыхубзыр арэзы къищIащ къыIэрыхьа хъыбарым ит бжыгъэхэр жриIэну, лъэIу тхылъыр хуатхын папщIэ. ИужькIэ къэпсэлъащ къарузехьэ IэнатIэм и лэжьакIуэ хуэдэр икIи къыжриIащ гъэпцIакIуэхэм абы и банк счетхэм ихьэну Iэмал зэрагъуэтар, и ахъшэр хъума хъун папщIэ ар «счет шынагъуэншэм» игъэкIуэн зэрыхуейр. Мис апхуэдэу цIыхубзым гъэпцIакIуэхэм яхуиутIыпщащ сом 667 800-рэ.

Полицэм фигу къегъэкIыж:

Дзыхь яхуэвмыщI телефонкIэ Iуэхутхьэбзэхэр къыфхуащIэну жызыIэ фымыцIыхухэм: ахъшэр здагъэкIуэн «шынагъуэншэ счетхэр» щыIэкъым. ГъэпцIакIуэхэр зэщIыгъуу мэлажьэ: зым IуэхущIапIэ гуэрым, етIуанэм хабзэхъумэ IэнатIэм и лэжьакIуэу къывжаIэ.

Апхуэдэу зыкъыфхуэзыгъэзахм фемыдаIуэу псалъэмакъыр зэпывуд!

ФадэхэкI нэпцIхэр

КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтынымкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу Арыкъ къуажэм щыпсэу, илъэс 64-рэ зи ныбжь цIыхубзым и унэм къыщагъуэтри, къытрахащ ГОСТ-м къимытIасэ фадэхэкIрэ тутынхэкIрэ.

ПСЭУПIЭР къыщащым, пэшхэм я зым къыщагъуэтащ маркэхэр зытемылъ тутын пачкэ 795-рэ, апхуэдэуи аркъэрэ коньякрэ къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэ цIэрыIуэхэм я этикеткэхэр тегъэпщIауэ, ауэ маркэхэр темылъу литр никъуэ зэрыхуэ птулъкIэ 870-рэ.

ИрагъэкIуэкIа экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ спиртхэкIыр ГОСТ-м къигъэувым хуэкIуэркъым - градус 37-м щIигъуркъым. Маркэхэр зытемылъ фадэхэкIхэр сом мин 326-м щIигъу и уасэщ.

Шэч зыхуащIым зэрыжиIамкIэ, фадэмрэ тутынхэмрэ зыIэригъэхьащ адэкIэ ищэну. Урысей МВД-м Тэрч районым щиIэ къудамэм и следственнэ IэнатIэм яубыдам теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 171.3 статьям и 1-нэ Iыхьэм, 171.1-нэ статьям и 5-нэ Iыхьэм япкъ иткIэ. Абы хуагъэуващ щIыпIэм имыкIыну, хабзэм тетыну.

Езыми зрихьэлIэрт

2025 гъэм щIышылэм и 15-м сыхьэт 19-хэм деж Урысей МВД-м Аруан районым щиIэ къудамэм и плъыр-пост къулыкъум и гупым Мэрзэхъу къуажэм щыIэ гъэсынипхъэ игъэхъуапIэм пэгъунэгъуу гу лъатащ зыгуэр илажьэу шэч зыхуащIа щIалэщIэм.

АБЫ и тхылъхэр къыщапщытэм, езыр къыщащым полицейхэм къагъуэтри, илъэс 27-рэ хъу джэрмэншыкдэсым къыкъуахащ пкъыгъуэ хужь хьэжа зэрылъ зэкIуэцIышыхьауэ 26-рэ.

Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, къытрахар граммы 5,7-рэ хъу «метадон» наркотикхэкIщ.

Медицинэ лэжьакIуэхэм къызэрахутамкIэ, езы щIалэщIэми ахэр зрихьэлIат.

Шэч зыхуащIым иужьыIуэкIэ жиIащ наркотикхэр Ставрополь крайм гъэтIылъыгъэ щэхухэм зэрыщызыIэригъэхьар, адэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щригъэкIын мурадкIэ.

Урысей МВД-м Аруан районым щиIэ къудамэм и СО-м щIалэм теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 228.1-нэ статьям и «г» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ.

Ар илъэси 10-м щегъэжьауэ 20-м нэскIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

БАХЪСЭН Ланэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.

Тутынхэр игъэкIыныр и нэрыгът

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ Аруан районым щыпсэу, илъэс 40 хъу Мыз Р.Р. контрафакт тутынхэр хабзэншагъэкIэ щIыналъэм щигъэкIыным зэрыпыщIар.

АБЫ КЪЫТРАХАЩ хамэ къэралхэм щагъэхьэзыра тутын лIэужьыгъуэ пачкэ 11500-м щIигъу, федеральнэ маркэхэр темылъу, ауэ акциз нэпцIхэр тету.

Аруан район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Мыз Р.Р. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 171.1 статьям и «б» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ икIи ямыгъэтIысу илъэси 2 тралъхьащи зы илъэсым къриубыдэу зыщIэгупсысыкIыжыну Iэмал иIэщ.

Нэгъабэрейм йофIэкI

Къэбэрдей-Балъкъэрым кIэртIофыр гъэ кIуам хуэбэгъуащ икIи республикэм и мэкъумэш, фермер, унеи IуэхущIапIэхэм псоми зэхэту тонн мини 160,6-рэ кърахьэлIэжащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ ар проценти 3,8-кIэ нэхъыбэщ.

НЭГЪАБЭ зы гектарым ику иту центнер 210-рэ къытекIащ, 2023 гъэм ар зэрыхъуу щытар центнери 167,3-рэщ.

Республикэм и щIыналъэхэм ящыщу кIэртIофыр нэхъыбэу щащIэр, щIы нэхъыби щыхухахыр Дзэлыкъуэ (гектар мин 1,7-рэ), Прохладнэ (гектар мин 1,1-рэ), Тэрч (мин 0,9-рэ) районхэрщ. Псори зэхэту ди деж ар зытращIэ щIым и процент 52-р а районищым яубыдащ.

2024 гъэм кIэртIофу ди щIыналъэм къыщатIыжам и процент 93-р унагъуэхэм къалъос.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Медаль 13 къахь

• Тхэквондо

Кавказ Ищхъэрэм тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым щекIуэкIащ. Абы хэтащ КИФЩI-м и щIыналъэхэм я спортсмену 250-рэ, я ныбжькIэ илъэс 21-м щIимыгъуахэмрэ 2012 - 2014 гъэхэм къалъхуахэмрэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэм хэтар «Пять колец» спорт академием и гъэсэнхэрщ икIи я ныбжьрэ хьэлъагърэ елъытауэ зыхэта гупхэм медаль 13 къыщахьащ. Абыхэм ящыщу япэ увыпIэхэр яубыдащ Хубуловэ Анжеликэрэ Iусен Русланрэ.

Дыжьын медалхэр къахьащ Асановэ Даринэ, Къэзанш Къасболэт, Къумахуэ Рианнэ, Шыд Ясминэ сымэ.

Иуан Дианэ, Тхьэмокъуэ Элинэ, Шарифовэ Камилэ, Абазэ Амир, Тогузлоев Андемыр, Къурмэн Эмилие, Хъущт Заирэ сымэ ещанэ хъуахэщ.

Зэхьэзэхуэ екIуэкIар къызэрыхахыу щытащ икIи абы щытекIуахэм къапэщылъщ УФ-м тхэквондомкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ мы гъатхэм Мэзкуу областым и Люберцы къалэм щекIуэкIыну зэпеуэм хэтыну.

БАТОКЪУЭ Альэч.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.359
Заказыр № 178
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, *корректорхэу* ПхытIыкI Маруся *(1, 4-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.